«Зыуэ щыт Урысейм» и XI съездым зыхуегъэхьэзыр

●Политикэ партхэм

Конференцыр йокIуэкI. Абы и лэжьыгъэм хэтщ Къанокъуэ Арсен, Чеченов Аниуар, Жаным Руслан сымэ.

«Зыуэ щыт Урысей» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и XVII конференц екIуэкIащ. Абы щыхэплащ Iуэху нэхъыщхьэу П1ым: «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и уставым халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэмрэ дэщIыгъуэныгъэхэмрэ; дызэрыт илъэсым щэкIуэгъуэм и 21-м екIуэкIыну XI съездым ягъэкIуэну лIыкIуэхэр хэхъуным.

ЯПЭ IУЭХУМ теухуауэ конференцым къыщыпсэльащ партым и щыналъэ къудамэм и политикэ советым и секретарь **Жаным Руслан**. «Мы гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм кьару щыгуэта федеральнэ законым ипкъ иткIэ хэхьыныгъэхэм щытекIуа политикэ партхэм хуитныгъэ ягъуэтащ щыналъэхэм я Iэтащхьэхэм я кандидатурэхэр кьэралым и президентым хуагъэльэгъуну. А мардэр дэ иджы уставым хэтлъхьэжьын хуеиц», - кьыхигъэщхьэкIащ абы.

Партым хэтхэм Iэ зэрадIэт щыкIэм теухуа зэхъуэжьныгъэу Генеральнэ советым кьихилъхьаэм я гугъу щащIым, кьэпсальэхэм кьагъэльэгъуащ ар Iуэхущ1у кьэпльитэ зэрымыкIуэр - 2009 гъэм и гъатхэрэ мазэм КЬР-м и Парламентым и депутатхэр щыхахым кьагъэсэбэпауэ щытащ кандидатхэр кьэгъэльэгъуэнымкIэ партым и щыналъэ спискэр. Абы кьыхэкIыу конференцым и лIыкIуэхэмрэ хьэщIэхэмрэ кьалыптащ апхуэдэ Iэмалыр хэхьныгъэ зэмылIэужьныгъуэхэм кьыщыбгъэсэбэп хьуну.

Конференцым хэтахэм зэаакьыплэгъуу даIыгъащ партым и уставым халъхьэн папщIэ утыку кьралъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр.

АдэкIэ конференцым щыхахащ парт съездым ягъэкIуэнухэр. Псоми зэдзэрэзыуэ IэяIэтащ «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым XI съездым и делегату партым и щыналъэ къудамэм и политсоветым и секретарь **Жаным Руслан**, Кьэрал Думэм и депутат **Щхьэгъуш Адэлбий**, партым и щыналъэ къудамэм и политсоветым и секретарым и ятIонэрэ Iуэхущ1эм: «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и Iэтащхьэхэр, Кьэрал Думэм и депутат **Гертер Иван**, партым и Налшык къалэ гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI **Ахаевэ Фаинэ**, «Зыуэ щыт Урысей» и ЩIалэгъуалэ гвардие» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щыналъэ штабым и унафэщI **Геккиев СультIан** сымэ щхьэкIэ. Абыхэм кьадэкIуэу партым и уставым кьыхэригъэувым тету съездым и делегату кьалытащ «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Совет нэхъыщхьэм хэтхэу КЬР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсенрэ** Кьэбэрдей-Балъкъэр кьэралым и кьудамэм и Унафэщ **Чеченов Аниуар**, республикэм и министерствохэмрэ ведомствохэмрэ я IэтащхьэкIэр.

ДЖЭДГъАВЭ Татьянэ.

Генерал-лейтенант Томчак Юрий

Мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ нэхъапэщ

●Министрым и псалъэ

Урысей МВД-м и Краснодар университетым и къудамэу Налшык дэтIуп Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэр щыгъэбыдэным пыщIа гугъуехьхэмрэ абыхэм я хэкIыпIэхэмрэ теухуауэ иджыблагъэ щекIуэкIа «стIол хъуреим» КЪБР-м щыIэ МВД-м и министр, генерал-лейтенант Томчак Юрий къыщипсэльам гъэкIэщIауэ щыгъуазэ фыхуэоцI.

- ИУЖЬРЕЙ илъэсхэм лъэпкъ, дин зэхъущытыкIэхэм еХьэлIа гугъуехьхэр щыIэщ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Кавказ Ищхъэрэ щыналъэмрэ я мызакъуэу, зэрыщыту Урысей Федерацэм. Iуэхугъуэ мыщхьэпэ зыбжанэхэм я зэранкIэ кьэралым щыIэ иджырей финансэ-экономикэ щытыкIэ гугъуэм лъэпкъ, дин зэхущытыкIэхэр нэхъри зыщIэгъэтIэсхъэнкIэ хъунущ. Дин зэхэзымыдэхэр зезыхьэ лъэпкъ куэд щыпсэу республикэмэ зыщихъумэфыркъым Урысей Федерацэм щекIуэкI Iуэхугъуэ мыщхьэпэхэм. Си фIэщ мэхъу ди Iуэху епIыкIэхэмкIэ дыдзэхъуажэмэ, дызыгъэпIейтей лъэпкъ, дин зэхущытыкIэхэм я гугъуехьхэм я хэкIыпIэхэр зэрыдубгъэхуфынур.

90 гъэхэм зэфIэува социально-экономикэ щытыкIэ гугъуэм, лэжьапщIэр зэрымащIэм, щIыхьхэм я нэхъыбэр, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр, лэжьыгъэкIэ кьаухъумэнымыгъэпэщам кьыхэкIыу щIэпхъаджагъэу яляжьыр нэхъыбэ хъуащ, дин, лъэпкъ зэпэщIэуэхэр кьишащ. А зэман дыдэм ирихьалIэу Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэм, абы Къэбардей-Балъкъэрри хэту, дин экстремизмэр кьыщыунэхуащ. Абы зиужьыуэдийуэ ЩIалэгъуалэ «стIол хъуреим» КъБР-м щыIэ МВД-м и министр, генерал-лейтенант Томчак Юрий къыщипсэльам гъэкIэщIауэ щыгъуазэ фыхуэоцI.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр щыхахым кьагъэсэбэпауэ щытащ кьэгъэльэгъуэнымкIэ партым и щыналъэ спискэр. Абы кьыхэкIыу конференцым и лIыкIуэхэмрэ хьэщIэхэмрэ кьалытащ апхуэдэ Iэмалыр хэхьныгъэ зэмылIэужьныгъуэхэм кьыщыбгъэсэбэп хьуну.

Конференцым хэтахэм зэаакьыплэгъуу даIыгъащ партым и уставым халъхьэн папщIэ утыку кьралъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр.

АдэкIэ конференцым щыхахащ парт съездым ягъэкIуэнухэр. Псоми зэдзэрэзыуэ IэяIэтащ «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым XI съездым и делегату партым и щыналъэ къудамэм и политсоветым и секретарь **Жаным Руслан**, Кьэрал Думэм и депутат **Щхьэгъуш Адэлбий**, партым и щыналъэ къудамэм и политсоветым и секретарым и ятIонэрэ Iуэхущ1эм: «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и Iэтащхьэхэр, Кьэрал Думэм и депутат **Гертер Иван**, партым и Налшык къалэ гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI **Ахаевэ Фаинэ**, «Зыуэ щыт Урысей» и ЩIалэгъуалэ гвардие» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щыналъэ штабым и унафэщI **Геккиев СультIан** сымэ щхьэкIэ. Абыхэм кьадэкIуэу партым и уставым кьыхэригъэувым тету съездым и делегату кьалытащ «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Совет нэхъыщхьэм хэтхэу КЬР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсенрэ** Кьэбэрдей-Балъкъэр кьэралым и кьудамэм и Унафэщ **Чеченов Аниуар**, республикэм и министерствохэмрэ ведомствохэмрэ я IэтащхьэкIэр.

ДЖЭДГъАВЭ Татьянэ.

Прохладнэ районым езым и гербрэ ныпрэ егъэхьэзыр

«Дэ дыдэжьуэтщ икIи аращ кьару кьыдэзытыр!» - апхуэдэ Iуэхуэсыр и лъабжьуэ нобэ Прохладнэ кьаэм щокIуэкI Прохладнэ муниципальнэ районымрэ Прохладнэ кьаэмрэ я Маухум екъэлIа гуфIэгъуэхэр. А лауэлащIэр кьызэрагъэпэщащ районымрэ кьаэмрэ я муниципалитетхэм.

КЪАЛЭМРЭ кьуажэхэмрэ щыпсэуэхэм, хьэщIэхэм щыгъуаз защI районым исхэм я пэсуэкIэр, мы щыналъэм и предприятиэхм кьыщIагъэкI продукцIэр утыку кьыщралъхьа гъэльэгъуэныгъэхэм. Нобэ яп дыдэу утыку кьрахьэнущ Прохладнэ муниципальнэ районым и гербымрэ ныпымрэ.

ГуфIэгъуэ Iуэхуэхм хиубыдэу концерт кьэлэмэтхэр ятынущ, джэгукIэ, зэпеуэ зэмылIэужьныгъуэхэр кьызэрагъэпэщынущ.

ЛУПЫРЕВЭ Иринэ,
Прохладнэ муниципальнэ районым и администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№193 (21.601) ● 2009 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 13, гъубж ● ТхьэмахуэмтхуэкъыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъалэныщIэхэр яубзыху

●ЗэIущIэхэр

Жэпуэгъуэм и 12-м КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен яIущIащ Правительствэм хэтхэм, ЗэIущIэм кьрихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Аниуар, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Меркулов Александр, абы и кьуэдзхэу ДышэкI Мадинэр Уянаев Казымрэ, УФ-м и Президентым и лIыкIуэ Ишъо федеральнэ щIыналъэм щIалэм и аппаратым Кьэбэрдей-БалъкъэрымкIэ и федеральнэ инспектор ирихьыщхьэ Верницкий Алексей. Федеральнэ антимонополиэ кьудыкъуIапIэм КъБР-м щиIэ управленэм и унафэщI Пщышэ Къазбэч, кьуейуэ я администрацэхэм я IэтащхьэкIэр.

ЗэIУЩIЭР кьызэIуиха нэужь, **Кьанокъуэ Арсен** япэу псалъэ иритащ **Пщышэ Къазбэч**. Ар зэпкърыхауэ тепсэльыхьащ зи унафэщI Iэнатlэм 2008 гъэм, 2009 гъэм и яп илъэс ныкъуэм зэфIиха лэжьыгъэхэм, кьэкIуэну зэманым кьыпэщыдыльащ кьалэнхэм, иI э мурадхэм. Докладым кьызэрыхэщамкIэ, кьэралпсо экономикэр монополием ихьри зэрызэщIнубыдэм кьыхэкIыу абы екъэлIа хабззэхэр нэхъыбэрэ кьызэпаудэхьауад. КЬР-м и антимонополиэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэр йогугъу республикэм и Iуэхущ1апIэ псори абы и экономикэм зиужьыным, щIыхьхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хузгъэпсыным.

- Гульытэ хэха зыхуэпщIэм ящыщщ «Зыхьзэхуэм и хабзэхэм тетыну» унэтIныныгъэр. Илъэс блэкIам кьриубыдэу апхуэдэ хабзэхэр кьызэпаудащ республикэм и Iуэхущ1апIэ зыбжанэм. Апхуэдэу унафэ щхьэхуэхэр кьэпщтащ «Къэбалъкъщ1ныльэгъа» ООО-м, «Налшыкхьабзэнерго» ОАО-м, «IУТК» ОАО-м, нэгъэущI Iуэхущ1апIэхэмэ ехьэлIауэ. Ящыныкъуэ хьэрычэтыщIкIэр яужь йохьэ хабзэр кьызэпаудыну. Абы кьыхэкIыу ди мурадщ КъБР-м Кьэрал кIэущI IуэхуэхэмкIэ щыIэ министерствэм и лэжьакIуэхэр ди гъусэу кьэпщытэныгъэхэр едгъэкIуэкIыну, - кьыхигъэщащ Пщышэм. - Апхуэдэу ди кIэльплъитныгъэ ткIийм щIэщ властым и Iэнатlэхэри. 2008 гъэм УФАС-м и жэрдэмкIэ кьэпщытэныгъэ Iуэху 22-рэ иратекIуэкIащ. Абыхэм ящыщу 8-м кьыщщIэдгъэщащ властым, щIыпIэ самоуправленэм я органхэм я лэжьыгъэм ныкъусаныгъэ хэльу икIи ахэр гъэзэкIуэжьным тещIыхьа унафэхэри кьэгъэтащ. Апхуэдэ ныкъусаныгъэхэр епхащ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэм, щIы Iуэхум, бэджэнд хабзэм, нэгъэущIхэм.

2008 гъэм УФАС-м и кьэпщытэныгъэм кIуэщIрыкIащ КЬР-м Транспортымкъ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ, КЬР-м Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкIэ я министерствэхэм я нормативхабзэ акт щхьэхуэхэр, нэгъэущIхэм.

- Кьэралым Iэнатlэ щхьэхуэхэм зауэжьным хуиIущ хэльхьэныгъэр абы и экономикэ политикэм и лъабжьэщ. Ауэ ящыныкъуэхэм дежь кьохъу апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэр абы зэхуэныкъуэ Iуэхущ1апIэм лъымыс у нэгъэущIхэм щрат. Ари УФАС-м и нэI, и кIэльплъныгъэ щIэт Iуэхугъуэхэм ящыщщ. Властым, щIыпIэ самоуправленэхэм я органхэм иджыри зэ гу лъегъэтэжьин хуейщ кьэралым Iэнатlэ хэхам мыльыкIэ защIигъэкъуэныр абы теухуауэ щыIэ Хабзэм тету, ар кьызэпимыдуу щытын зэрыхуейм. Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэм теухуа лъэIухэм ди Iуэхущ1апIэр набдзэгубдзапIъэу хоплъэ икIи Iэмал имыIэу кьилъытэхэрщ арэзы зытекхъуэр. Нэгъабэ кьытIэрыхьа апхуэдэ дэфгэри 100-м щыIэщ 3-м едгъэтхэзэжащ, лъабжьэншэу кьэтлъытэри, - пищащ адэкIэ Пщышэм. - Хабзэхэр кьызэпызыдэкIэ административнэ жэуапым идошалIэ, тезырхэр зытетлъхьэр Iуэхущ1апIэхэм я закъуэкъым, атIэ абыхэм я унафэщIхэми ятыдолъхьэ. Дауи, уи жып кьипхыу тезыр уппышынныр куэдкIэ нэхъ хьэлъащ, ар узипашэ Iуэхущ1апIэм и мылъкум хэщI ихьгъ.

Пщышэ Къазбэч апхуэдэу кьытеуиIуэ Iуэхущ1апIэм УФ-м и Президент Медведев Дмитрий кьыхилъхьа, «етIуанэ зэпеуэ» Президентым и «Предпринимательнэ пакет»-кIэ зэдзэ хабзэхэр зэрагъэзащIэм, зи пашэ Iуэхущ1апIэмрэ КЬР-м, УФ-м я гъэзащIакIуэ органхэмрэ я кьу дэль зэпыщIагъэ, УФАС-м и Iэщ1агъэлIэхэр кьызэрыхах щыкIэм, нэгъэущIхэми.

Пщышэм и докладым едэIуа нэужь, абы тепсэльыхьащ зэIущIэм щIэсахэр. Кьанокъуэ Арсен гуапэу жиIащ Федральнэ антимонополиэ кьудыкъуIапIэм КъБР-м щиIэ управленэм екъуIэжьхэр зэрызыIэрихьар, 2009 гъэм и яп илъэс ныкъуэм екIуэкIа кьэралпсо кьэпщытэныгъэм кьигъэльэгъуэхэм ятепщIыхьмэ, ди республикэм и УФАС-р Урысей Федерацэм и апхуэдэ Iэнатlэ нэхъыфIи 10-м зэрыхэтри кьыхигъащIащ. УФАС-м и лэжьыгъэм тепсэльыхьахэм яхэтащ **Чеченов Аниуар, Меркулов Александр, Мусуков Алий** сымэ, нэгъэущIхэри. ЗэIущIэм кьрихьэлIаэр Пщышэм и докладым арэзы техъуащ икIи абы теухуа унафэ щхьэхуэхэр кьащтащ.

Зэхуэсым апхуэдэу щытепсэльыхьащ министерствэ щхьэхуэхэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм. КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Быишэн Азрэт** кьытеуиIуэ Iащ 2010 гъэм и бюджетым зэрелэжьым. Зи унафэщI Iэнатlэхэм я Iуэху зыIутхэм кIэщIу тепсэльыхьащ министрхэр. Зытепсэльыхьа Iуэхугъуэхэм зэIущIэм кьыщащтащ.

КЪАРДЭН Маритэ.

● ГуфIэгъуэ зэхъхьэхэр

Студентхэр Налшык щохьэщIэ

Дыгъуасэ Налшык кьыщызэIуахащ СНГ-м хыхьэ кьэралхэм я лъэпкъ теухуа и II дунейпсо щIалэгъуалэ фестивалыр. «Содружество талантов-2009» зыфIаща зэхьыхьэшхуэр махуиплкIэ екIуэкIынущ.

УРЫСЕЙМ, Азербайджаным, Белоруссием, Курджым, Къэзахъстаным, Украинэм, Узбекистаным, Армением, Таджикистаным, нэгъэущI кьэралхэми кьикIа студентхэр жэпуэгъуэм и 12-м пщэдджыжьым хэтащ КъБКъУ-м и махуэшхуэр щагъэльапIэ дауэдапщэм. Ахэр еплъащ КъБР-м щIэныгъэ щызэрагъэгъуэт и ефжапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм кьызэрагъэпэща концертым, апхуэдэуи лъэпкъ шхыныгъуэхэм я гъэлэгъуэныгъэм хэтащ.

Кьэралым и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм кьикIа щIалэгъуалэри, республикэм и ныбжьыщIэхэри жыджэру хэтащ а махуэм екIуэкIа спорт зэхьэзэхуэхэм, творческэ зэпеуэхэм. Хьэщ1эхэм зыщсаплъыхьащ Налшык и щIыпIэ дахэхэм, КъБКъУ-м кьыщызэрагъэпэща щIэныгъэ-практикэ конференцым хэтащ.

ЩIалэгъуалэр нэхъыбэу зыпэплъэр фестивалыр кьыщызэIуахьнрати, а Iуэхугъуэр дахэу, гуфIэныжу щекIуэкIащ Музыкэ театрым. Ар кьызэIуихащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ **ДышэкI Мадинэ**.

ЩIалэгъуалэ фестивалым хэтхэр нобэ Iуащхьэмахуэ лъапэ макIуэ. Абы КъБКъУ-м щиIэ хэщIапIэм зэпеуэ зэмылIэужьныгъуэхэр щекIуэкIынущ, студентхэм ящыщ гупи Iуащхьэмахуэ и щыгум дэкIынущ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Зиужьын папщIэ

Афганистанымрэ Японымрэ Iуэхуу эдащIэм хэхъуэнущ.

Апхуэдэ унафэ ящIащ Афганистаным хамэ кьэрал IуэхухэмкIэ и министр Рангин Далдфаррэ Японием и лIыкIуэу абы щыIэ Окадэ Катсуярэ Кабул щащцыIуащIам. Мэкъумэщ, щIэныгъэ Iэнатlэхэращ Афганистаным Японием зэрыщыгугъыр. Абыхэм зауэжьын папщIэ Японием мылъкукIи технологиекIи къыдэIэпыкъуну зэрыхьэзырыр Окадэ Катсуярэ и псалъэхэм кьыхигъэщащ.

ЩIэпхъаджагъэм хохьуэ

«Кавказ Ищхъэрэм и МРСК»-м и унафэщIым и кьуэдзэ Амиров Амир зэрыса машинэм автоматкIэ щеуащ Дагъыстаным.

Пресс-Iуэхуитэ

Зи псалъэр нахуэм и напэр хужьщ.

Езым зыри кьыщыщIакъым, и гъуса щIалищыр уIэгъэ хъуащ.

Хэт ар кьывжезыIар?!

Лужков и кьулыкъум щытекIын щхьэусыгъуэ ильагъуркъым.

Лужков Юрий кьыгурыIуэркъым апхуэдэ псалъэмакъ щыхуэхэм кьыщIрахьэкIыр. Москва и КъалэДумэм и депутатэхэр щыхахым «Зыуэ щыт Урысей» партращ къыщIэкIащ зыубдар (процент 66-рэ). Абы игъэгушхуа Лужковым быдэу жеIэ и кьулыкъым текIыну мурад зэримыIэр.

НОБЭ

♦ Жэпуэгъуэм и 13 - 16-хэм Гаагэ (Нидерландхэм) щекIуэкIынуц химие Iэщэр гъэкIуэдыжьын хуейуэ къызыгъэзэ зэгухьэныгъэм и 58-нэ зэIущIэ.

♦ **Дыгъэр кьыщIэкIащ сыльэтн 7-рэ дакьинкъэ 16-м, кьухъэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакьинкъэ 29-м.**

♦ **Махуэм и кIыхьагъщ сыльэт 11-рэ дакьинкъэ 14-рэ.**

Планэтэр зыхьэхьэзырыр **КЪАНЫКЪУЭ Алфисэм.**

Хэкупсэхэр ягъасэ

АДЫГЕЙ *Мы республикэмрэ Краснодар краймрэ я ефжапIэ нэхъыщхьэу 50-м я ректорхэм я зэIущIэ иджыблагъэ Краснодар щекIуэкIащ.*

РЕКТОРХЭМ я зэIущIэр щызэхэтар Краснодар кьалэм дэт МВД-м и университетырыщ икIи ар теухуауэ щытащ щIыналъэхэм я щIалэгъуалэр Хэкум фIыльагъуэгъэ хуэIэу, дин, лъэпкъ щыIэныгъэ яхэльу гъэсэным. Абы кьыщыпсэльащ а ефжапIэм и унафэщI генерал-лейтенант Агафонов Юрий. МВД-м и университетым и ректорым ефжапIэм и курсантхэм драгъэхIуэкI пэжьыгъэхэмрэ бгъэдалъхьэ гъасэныгъэмрэ кьызэхуэсахэр щыгъэгъуэзащ.

Гъагъэ, ефIакIуэ, Адыгэ Республикэ!

Жэпуэгъуэм и 5-м Республикэм и маухуэр хэIэтыкIауэ Адыгейм щагъэльэгъащ.

МАХУЭШХУЭМи пз кьихуэу жэпэгъуэм и 2-м Адыгейм и Кьэрал филармониемрэ уэрэджыIакIуэхэм, кьэфакIуэ гупхэм концерт щатащ. Кьыкlэлыкlуэ махуэм республикэм шыгъажэ, нэгъэущI спорт зэхьэзэхуэхэр, жармыкIэхэр, гъэльэгъуэныгъэхэр щекIуэкIащ, гуфIэгъуэ Iэнэхэр кьыщызэрагъэпэщащ.

Ныбжьэгъуэхэм кьахохьуэ

АБХЪАЗ. *Республикэм и Президент Бэгъэлпщ Сергей журналистхэм иджыблагъэ яжриащ Iатрин Америкэм и къэралхэм ящыщщ зым Абхъазыр и щхьэ хуэщытыж къэралыгъуэ щхьэхуэу кьилъытэну зэрызигъэхьэзырыр.*

- КЪУЖХЭЗГЪЭЩЫНЩI, Латин Америкэм и къэралхэм ящыщ зым мыгувэу ди республикэр къэралыгъуэ щхьэхуэу кьилъытэнущ. Апхуэдэ лъэбакъуэ ичыну зегъэхьэзыр СНГ-м хыхьэ къэралхэм ящыщхэми, ауэ абыхэм я цIэр иджыпстукIэ кьисIэунукъым, щыхухэр сымыгъэпIейтеин щхьэкIэ. Нобэ-пщэдей Белоруссиер ди телъхьэу къэувын хуейщ, - жиIащ Бэгъэлпщ Сергей.

Республикэм и унафэщым и псалъэхэм щыхьэт техъуэу Абхъазым нэгъэущI къэралыгъуэхэмкIэ и министр Шамбэ Сергей иджыблагъэ зэбгригъэжа хьыбарым кьызэрыхигъэщамкIэ, Белоруссием зэман кIэщIым кьриубыдэу Абхъазыр зэрыщхьэхуитыр кьилъытэнущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Спартак-Налшыкым» и акцэхэр республикэм къещэхуэ

«Спартак-Налшык» профессиональнэ футбол клубым сом мелуан 12-рэ хъу и акцэхэр республикэм кьыщIащащхьэкIэ КъБР-м и Правительствэм унафэ кьыщащтащ.

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ и Унафэщ Меркулов Александр кьызэрыхигъэщамкIэ, Урысей Федерацэм и премьер-лигэм щыджэгу ди командэм зыхуей игъэутыныкIэ ар хуабжьу сэбэп хэхъуныщ. Иджы Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал мылъку хъунущ «ПФК «Спартак-Налшык» ОАО-м и устав капиталым и процент 78,1-р. Абы и фIыгъэкIэ къешIэIа хъунущ спонсор лъэщхэр, хьэрычэтыщIэ Iуэхуэхэми нэхъ зиубгъунущ икIи бюджетым кьыхэкIыу ди командэм теIуадэр хэпщIыкIыу ягъэмэщIэфынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

КъБР-м щыпсэуэм гу зылъатапхъэ

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ трегъэдзэнымкIэ махуипщI пэжыгъэ йокIуэкI

2010 гъэм и яп илъэс ныкъуэм кьаIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ трегъэдзэным теухуауэ 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 15-25-хэм урысейпсо махуипщI лэжьыгъэ йокIуэкI.

ГАЗЕТХЭМРЭ журналхэмрэ я уасэм щыщу сявым и Iуэхутхъбзэхэм хуэзэм а зэманым кьрнубыдэу проценти 10-кIэ кьэрагъэхунущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ нэхъ пуду Iэ щыгъевдзэ хъунущ пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ1апIэмэ. А махуэхэр кьэвгъэсэбэпыну фыкьыхуходжь.

Федеральнэ пощт связым и Управленэу КъБР-м щыIэ.

● ● ● ● ● ●

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Жэпуэгъуэм и 15-25-хэм ди газетым Iэ тевдзэмэ, нпъэс ныкъуэм абы хуэзэнур сом 320-рэ кIэпIейкIи 49-рэщ, сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-м и пIэкIэ.

Ди индексыр 51531

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Мамырыгъэмрэ зэгурыIуэмрэ нэхъапэщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап. итиц).

«Амирхэр» эи Iэтащхьэ «жэмыхьэтхэр» щыIэп-щыIэкIэм щызэтраухуащ. Апхуэдэзэр 20-м нэблагъэт. Абыхэм кьаIэн нэхьыщхьэу зыхуагъэувыжырт щыху нэхьыбэ зыхашIэну, я пщIэр щыхуэхэм я дежь кьыщIэтIыну. Псори икIэм-икIэжьым зыхуэгъэзар ислъам къаралгъуэр зэтеуухуэнырт, щэрэпхьэ хабзэхэр гъэувынырт. Щыдгъэгъуэзэ ЩIэпхьэ и кIэухэм, 1993 гъэм республикэм щыхуэ мамырхэм, хабзэкъуэм хэм яхуэгъэза щIэпхьаджагъэхэу щыдгъэзыгъэ мыхьэнэ зыхуащI. БзаджащIэхэм Iэщэ, лагъым зэмылIуэжьыгъуэхэр куэду кьагъэсэбэнырт. 1995 гъэм кьыщыщIэдзауэ мы зэманыр кьэсхуэ абыхэм яуэкIащ республикэ милицим и гъэкIуэдыгъэ 62-рэ.

Хамэ кьэрал лIыкIуэхэм яхуэзфIэкIащ республикэм щыщ ныбжьыщIэ гуп Куржым и Панкис ауэзым икIи нужьыкIэ федерал кьарухэм япщIуэва экстремистхэм яхэта «Ярмук» террорист гуп хащэн.

2000-2001 гъэ хэм республикэм кьагъэзэкащ Сауд Хьэрыпым щеджахэу Астемир Анзорэр Мыкъуэжь Артуррэ. Аэр хъыбгъэ икIи исЛъамым и идеологэ нэхъыщхьэ хъуащ.

Республикэм и исЛъамым и кьуэдамитI кьыщыунэуащ - зы лъэныкъуэкIэ Мусылъманхэм я дин Iуэхущапlэр, нэгъуэщIкIэ - зауэм кьыхуэгъэзыджэ унафэщIэхэр зиIэ «щIэуэ гупсысэ щIалэгъуалэр».

БзаджащIэхэр Iэщэкlэ зэщIауэздэн икIи зыкьагъэгъуэн мурадкIэ республикэм щыIэ Наркоиуэхущапlэм теуэрн, абы и Iэкьаджуэу 4 нуклеар, Iэщэу 270-рэ щIахьащ.

2004-2005 гъэхэм Кьэрал куэдI Iуэхуэмкlэ министерствэм и кьарухэм щIагъэхуэбжащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ яращIэкI бзэнэныгъэр. «Ярмук» дин-экстремист гупхэм я Iэтащхьэхэр, нэгъуэщI щIалэхьащIкIэ куэд, апхуэдэу республикэм и щIыналъэм зыщIысыгъэпщIкIу «къэршей терроризт гупыр» лъэныкъуэ ирагъэзащ. Москва, Воронеж кьалэхэм, Урысей Федерацэм и нэгъуэщI щIыналъэхэм терроризт бзаджэнагъэхэр щIыхьэхэщIыхьахэр сагъей кьащIащ, Iэщэу, дин экстремист литературэу куэд кьыгъахащ.

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м бандэ гупхэр Iэщэ яIыгъыу хабзэхъуэ мэ Iуэхущапlэхэм теуащ, Зэхэуэм хабзэм кьемызэгъыу ЩIэкIэ зэщIауэзэ зэгухьанигъэхэм щыщхэу 95-рэ щаукIащ, 70 щаубыдащ.

Республикэр яхьыгъэрэ хабзэхъуэмэ органхэм я гъэкIуэгъэ 35-рэ хэкIуащ (абыхэм яхэтщ КьБР-м щыIэ МВД-м щыщхэу 15), 116-рэ уIэгъэ хъуащ, апхуэдэу зэпэщIэувэныгъэ ткIийм хэкIуадащ цIыху мамырхэу 14, фэбжь хахащ 39-м. Бандитхэм я зэранкIэ 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-14-хэм республикэм сом мелуан 22-рэ ящ 859-рэ мылъку хэщIыныгъуэ ягъуэтащ.

2008 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м КьБР-м и Президентым и ЖазкIэ жэпуэгъуэм и 13-р хабзэхъуэмэ органхэм я гъэкIуэгъуэ зи кьалэн зыгъэзащIу хэкIуадзэкI я Фэеплъ махуэр ягъуэващ.

Мы илъэсым Iэщэкlэ зэщIауэздэ бзаджащIэхэм кьэрал кIуэц Iуэхуэмкlэ органхэм я гъэкIуэмэ яхуэгъэзащIу щIэпхьаджагъэ 15 ялэжьащ. Блэнэфэр абыхэм кьагъэсэбэнащ Iэрыщ лагъымкэр. Ирагъэкlуэкl экстремист, терроризт хьэгъэщагъэхэм кьыхэкIыу, апхуэдэу 2005 гъэм жэпуэгъуэм зэхащIыхьахэм яIыгъ ятIонэрэ щIалэ пасэм, 23-р Урысей Федерацэм, 22-р ди республикэм.

Республикэм и хабзэхъуэмэ зэфIахэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм я Iуэжьщ бандэ гупхэм хэтахэу 162-рэ зэрауклар, апхуэдэу Iэщэхэр щагъэпщкIуа щыIэпхьэхэр 150-рэ кьагъуэтащ, 2005 гъэм кьыщыщIэдзауэ хабзэкъуэмкlэ зэрагъакIуэ Iэщэ зэмылIэужьыгъуэхэр 2140-рэ, кьыхагъэ пкъыгъуэу килограмм 183-м щIигъу кьыхтрахащ.

ЩытыкIэр кьалъытэу властым и хабзэгъэув, гъэзэщакIуэ кьу дамэжи хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм кьалэн хуагъэув республикэм экстремизмэм зыщыгъуэгъуэ, абы щIыналъэр хэкъэпадубыну. КьБР-м щыIэ МВД-м и жэрдэмкIэ 2008 гъэм Правительствэм кьыщтащ икIи Президентыр зэрэзыдэлэжьыным ия «Щыпхьэ» - КьБР-м терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щыкIуагъэныр» республикэм программэ щызэхащэну щIалэгъуалэм я дежь экстремизмэм зыщыгубгъуныр кьыхъыхэкI щхьэусыгъуэхэр лъэныкъуэ гъэзэа хъуныкIэ зэфIагъэкIыпхъэр.

КьБР-м и Правительствэр я щIэзэкъуэну «Iэщэ» Iуэхур илъэсищ хуэдизу яокIуэкI. 2006 гъэ гъэмэфэ Iэщэ зэмылIэужьыгъуэ 708-рэ, гранатэу 141-рэ, щэуэ 18448-рэ цIыхухэм кьатащ. Абыхэм пэкIуэ сом мелуани 2-рэ мин 948-рэ сомы 158-рэ езыхэм яфIэфIу Iэщэхэр Iыхьапlэхэм кьезыхьхьапlэхэм Iэрагъэкlащ.

Жылагъуэ зэпIэзэрыпынгъэр зэтрагьIэжащ мурадкIэ диным, жылагъуэм, адмиинистрацэхэм я Iэтащхьэхэм, нэхъыбэхъэм ядолажьэ. Иужьрейхэм чэнджэщ ирагащ экстремизмэм пыIэ щыIнагъуэр зыхуэдизыр щIалэгъуалэм гурагъэIуэну.

КьБР-м и дин Iуэхущапlэ нэхъыщхьэхэм зэгурыIуэныгъэхэр иращыIащ. КьыхэзрамыгъэувыIэу ирагъэкIуэкI республикэм щытыкIэр щегъэфIэкIуэным, дин, лъэпкъ зэхэзэхэ щы мыIэным т ехуха Iуэхугъуэхэр. Дин лъэжьакIуэхэр фадэмрэ наркотикымрэ пыщIа гурыуехъэхэр кьыхэзэнкIыным и хэкIыпIэхэр убзыхуным, экстремизмэр кьыхэзэпыудыным жьыдэкрэ хэтщ.

КьБР-м щыIэ МВД-м 2007 гъэ гъэмэфэ щыIэ Iуэхуэмкlэ я сэбэп зыхэлъ Iуэху еплыкIэ пыухыкIакlэр зиIэ жьыларэр, дин зэгурыIуэныгъэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт Жылагъуэ совет.

Урысейм и Президент Медведев Дмитрий властым и федерал нэ органхэмрэ дин Iуэхущапlэмрэ яхуигъэува кьалэнхэм ящыщщ щIалэгъуалэр хьэмэщIэн тэмэм хэлъу гъэсэныр. ЩIэбэлъм игъуэтыну гъэсэныгъэр псом ящу кьыщежьэр унагъэущ. Фадэмрэ наркотикымрэ зэрызаубгъуэм и зэранкIэ унагъуэ гугъуэхэм, кIэрыуIыбщ сабинхэм я бжьыгъэхэм хэхъуэ зэпIытщ, Адэ-анэм я гуапагъэмрэ Iэфыгъэмрэ, жылагъуэм и гупылъэм хуэныкъуэ ныбжьыщIэхэр щIэпхьаджагъэу гупхэм, абы зэстмистхэмрэ терроризмэмрэ хэту, кьыщыхьхэугъэ щыIэщ.

Экстремизмэм ехьэлIа хъыбар щIалэгъуалэм я бжь нахьэ те левиденэм, щIыхубэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм, псом хэмыдэу Интернетым. Залымыгъэр щытетIыпсэ мыхьэну, щIалэгъуалэм дежь щхьэпэ хэр, гъэсэныгъэ, унэIыбныгъэ кьыщыхахьи нэтынкэр щыIамэ эзбэпт.

2005 гъэм ди кьалэм кьытеуа бзаджащIэхэм я судыр Налшык щокIуэкI. Абы зэрыщIидзэгъэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм яр зэрэкIуэкIым теуха нэтынхэр ягъэхьэщIу, радэзэ. Абыхэм Iуэ хэм и пжьыпIэр наIуэ кьыщамыщIыр нэхъы бэщ, еплъмэ хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм я Iэужьыгъуэ пэIэщIэ ящI.

Хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм нобэ, сыт щыIэгъуэ хуэдэу, кьалэн кIуэр ди пщэ кьыдэохуэ. Жылагъуэм зэгурыIуэныгъэ ягъэфIэкIуэным, ди щIыпIэм щыпсэу цIыхухэм, лъэпкъхэм я зэхуаку мамырыгъэр зэгурыIуэныгъэр дэтъыным, щынагъэщIащэр кьыхэзэгъэщIыным, республикэм и сэбэп зыхэлъхэр пхыгъэкIыным ди кьару псорэ хуэзэщIэдгъэлъэныщ.

Нобэ хабзэхъуэмэ органхэм я дзжьакIуэу зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я Фэеплъ махуэщ.

Фэеплъ махуэ

ИлъэсиплI ирикъуащ Iэщэкlэ зэщIауэздэ щIэпхьаджащIэхэр Налшык щыIэ хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм зэрыгетуэгъэ. А махуэм и дыгъэпс пщэдджыжьыр ириАт Iугъуэ фIыщIэм и гъуэзым, кьалэм и Iуэуплъауэ дыдэхэр зэIащIат автоматхэмэ я щIэзэ зэщIауэ зэ макъым. Iэщэкlэ зэщIауэздэ бзаджащIэ гупхэм ящыщхэм япуэащ республикэм и хабзэхъуэмэ органхэм я дзжьакIуэхэр, къарал кIуэцI, гъуанапкъхъуэмэ дзэхэм кьулыкъущIэхэм зэщIэжьхэр.

МахуитIкIэ екIуэжа зэхуэм хэкIуэдащ хабзэхъуэмэ дзжьакIуэхэр дзэ кьулыкъущIэу 35-рэ, щыхуэмыдыру 14.

Ди жагъуэ зэрыхъунущ, 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-14-хэм кьэхъуа гуауэм нужькIи хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм яфIокIуэдэ я дзжьакIуэ нэхъыфIхэр. ХэкIуэда Лыхъужь 12-м я фэеплъыр мыкIуэдыжьыну тхыдэм ящыщ. Абыхэм я щIэзэ щIэхэр зэрамхэм щыфIащащ республикэм и жылагъуэ 12-м, Бахъэсэн кьалэ и курыт еджапIэхэм ящыщ щы зэрехьэ КьБР-м щыIэ МВД-м и ОМСН-м и унафэщIым и кьуэдэ, милицим и подполковник Кьадымыкъ Руслан и щIэр. УФ-м и МВД-м и унафокIэ дзжьакIуэ 27-м я щIэхэр ирыщIкIэ хатхащ КьБР-м щыIэ МВД-м и спискэм.

КъащIыхьмэ кьытеуа щIэпхьаджащIэхэм республикэр щыыхьэхэмэ 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м зигъащIэр зыта хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм яфIокIуэдэ я дзжьакIуэ нэхъыфIхэр. ХэкIуэда Лыхъужь 12-м я фэеплъыр мыкIуэдыжьыну тхыдэм ящыщ. Абыхэм я щIэзэ щIэхэр зэрамхэм щыфIащащ республикэм и жылагъуэ 12-м, Бахъэсэн кьалэ и курыт еджапIэхэм ящыщ щы зэрехьэ КьБР-м щыIэ МВД-м и ОМСН-м и унафэщIым и кьуэдэ, милицим и подполковник Кьадымыкъ Руслан и щIэр. УФ-м и МВД-м и унафокIэ дзжьакIуэ 27-м я щIэхэр ирыщIкIэ хатхащ КьБР-м щыIэ МВД-м и спискэм.

КъащIыхьмэ кьытеуа щIэпхьаджащIэхэм республикэр щыыхьэхэмэ 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м зигъащIэр зыта

• Урысеим и Лыхъужьхэр



КIарэ Анатолэ

КьБР-м щыIэ МВД-м и гухыдэм щыяпсу Урысеим и Лыхъужь щIэр кьыфIащащ ныгъэрэ хахуагъэрэ кьыхэзэльащIэу 2008 гъэм щIыщыIэм и 12-м хэкIуэда милицэм и полковник КIарэ Анатолэ Сурэтым и щIэр. Хабзэхъуэм и къэмыландзэкъым и щIэр зэрехьэ ар щеджа Налшык кьалэ дэт курыт школ №4-м.

КIарэ Анатолэ 1957 гъэм щэкIуэгъуэм и 10-м Налшык кьалэ кьыщалъхуащ. 1975 гъэм лэжьэн щIидзащ Налшык и Республикэ сабийныбжьмыкIэ спорт школым и тренер-инструктору. 1979 гъэм Кьэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетым и спорт факультетыр кьыучащ. 1990 гъэм СССР-м и орист Iэщагъэ Мэзкуу щызэригъэгъуэтащ. СтIолыщхьэ теннисымкIэ спортым и мастер цIэр кьафIощащ. ар республикэмрэ РСФСР-мрэ я команд кьыхэхэзм хэтащ, Кьэбэрдей-Балъкъэрым, МВД-м я щIыхьэр зэхьэзэхуэ Хэкъуэда лIыхъужь 12-м я фэеплъыр мыкIуэдыжьыну тхыдэм ящыщ. Абыхэм я щIэзэ щIэхэр зэрамхэм щыфIащащ республикэм и жылагъуэ 12-м, Бахъэсэн кьалэ и курыт еджапIэхэм ящыщ щы зэрехьэ КьБР-м щыIэ МВД-м и ОМСН-м и унафэщIым и кьуэдэ, милицим и подполковник Кьадымыкъ Руслан и щIэр. УФ-м и МВД-м и унафокIэ дзжьакIуэ 27-м я щIэхэр ирыщIкIэ хатхащ КьБР-м щыIэ МВД-м и спискэм.

ДыщэкI Тимур

Милицэм и лейтенант нэхъыщхьэ ДыщэкI Тимур Исуф и кьуэр КьБР-м и МВД-м и ППСМ-м и плъыр частым и инспектор. Къарал кIуэцI Iуэхуэмкlэ органхэм 1993 гъэ лъандэрэ щылажьэрт.

ТИМУР 1973 гъэм Шэджэм районым хьихьэ Пашыкьэ къуажэм кьыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэхъыбэм абы куейм щыIэ ДОСААФ-м и шофер курсэр кьыхури дэ кьулыкъум ираджащ. Хэкум и хьумакIуэ кьалэнхэр щапхъэ кьыгъэлъагъуэу зэрырихьэкIам щыхьэт тет хуэ фIыщIэхэр, щыгъуэтхэр иЫыгъуэ кьегъэзэжри 1993 гъэм КьБР-м щыIэ МВД-м и плъыр-пост Iуэхущапlэм и милиционеру лэжьэн щIидзащ. Абы Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм кьалэнхэр щрихьэкIащ. Зэрылажьэм хуэдэурэ 2000 гъэм «Уэрэкlуэ» лицейр кьиуащ, 2001 гъэм ПППМ-м и полкым и 3-нэ батальоным и 2-нэ гупым и унафэщIу ягъэуващ, иужьым а милицэ Iуэхущапlэ дыдэм и плъыр Iэнатlэм инспектор-плъыру ягъэкIуащ.

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м сыхьэти 9-рэ дакьикьи 10-м боевикхэр КьБР-м и МВД-м и ППСМ-м и полкым и административнэ щыIэ, уэрэ щытеуам, ДыщэкI Тимур плъыр. Ар Севернэ уэрамымкIэ 20-25-рэ хуэдиз хъуэ кьащытеуа боевикхэм япуэващ милицэм и гупым я пашэу. КьауркIэ зэхуэмыдэ пэнькьуитIым я зэхуэр дакьикъэ 40 хуэдизкIэ екIуэкIащ, КьБР-м и МВД-м и ППСМ-м и Iуэхущапlэр зэрахуэмыубыдыну кьащыгуры Iуэм, икIуэтыжьну иужь ихьащ. «Газель» автомашинэхэмкIэ Iуэкlыж боевикхэм яужь иуващ ДыщэкI Тимур, милицэм и лейтенант нэхъыжь ДыщэкI Замир щIыгъуу. «Газелыр» кьыщыувыIэм, автоматкIэ яхэуэри, зы боевик иукIащ. Арщхьэкlэ абыхэм ящыщ зыр пулеметкIэ кьаруэу щIидзэри, Тимур и щхьэм кьытехуащ.

ДыщэкIыжьым и сабингуэм щыщIэдзауэ хабзэрэ нэмысрэ хэлъу кьызэрекIуэкIар и егъэджакIуэхэм ящыгъупщащым, кьыдэлэжьа зэм абы хэпъэ щIыкуэгъэмрэ хабзэмрэ нобэ иту кьагъэкlыж.

Ильэсиплl ипэкIэ кьэхъуа гуауэм хэкIуэдащ ДыщэкI Тимур и благъэ дыдэ ДыщэкI Замир.

Я псэм емыблэжахэр

1. КIэмыргуей Арсен Борис и кьуэр, юстицэм и лейтенант нэхъыжь, Налшык кьалэ и 1-нэ ОВД

2. Кьалмыкъ Руслан Аслъэнбий и кьуэр, милицэм и лейтенант нэхъыщIэ, КьБР-м и МВД-м и криминальнэ милицэм и ОМСН

3. Моллаев Хьэмзэт Марат и кьуэр, милицэм и лейтенант нэхъыжь, КьБР-м и МВД

4. Мысоот Артур Лудин и кьуэр, милицэм и старшинэ, КьБР-м и МВД-м и УВО

5. Тэмазэ Ибрэхьим Сэфарбий и кьуэр, милицэм и капитан, Налшык и 1-нэ ОВД

6. Унэлокьуэ Мурат Борис и кьуэр, милицэм и сержант нэхъыжь, КьБР-м и МВД-м и ППСМ

7. ДыщэкI Замир Зухъэдин и кьуэр, милицэм и лейтенант нэхъыжь, КьБР-м и МВД-м и ППСМ

8. ДыщэкI Тимур Исуф и кьуэр, милицэм и лейтенант нэхъыжь, КьБР-м и МВД-м и ППСМ

9. ХьэхъупащIэ Аслъэн У рысбий и кьуэр, милицэм и прапорщик, КьБР-м и МВД-м и ППСМ

10. ДыщэкI Аскэр Сэфарбий и кьуэр, милицэм и лейтенант нэхъыщIэ, ШэджэкIэ РОВД

11. Абазэ Хьэчим Хьэлиб и кьуэр, милицэм и майор, Налшык и 3-нэ ОВД-м и ППС

12. Кьудей Валерэ Пэхъущ и кьуэр, милицэм и майор, Налшык и 3-нэ ОВД-м и УУМ

13. Ует Хъызыр Хьэсэнбий и кьуэр, милицэм и капитан, Налшык и 3-нэ ОВД-м и ППС

14. Щоджэн Анзор Олег и кьуэр, милицэм и рядовой, Налшык и 3-нэ ОВД-м и ППС

15. Гузов Владимир Николай и кьуэр, милицэм и прапорщик, «НЗ» складым и шофер

16. Красиков Александр Владимир и кьуэр, прапорщик, УФ-м и ФСБ-м и Iуэхущапlэ КьБР-м щыIэ и ОМПО

17. Ногеров Рашид Мыхьэмэт и кьуэр, лейтенант нэхъыжь, УФСКН-м КьБР-м щиIэ Iуэхущапlэм и оперуполномоченнэ

18. Сыжажэ Мурат Вячеслав и кьуэр, УФСБ-м и оперативнэ кьудамэ, Бахъэсэн кьалэ

19. Шыркьо Юрий Хьэмзэт и кьуэр, милицэм и сержант, Мейкьуапэ кьалэм и УБД-м и ППСМ

20. Щомахуэ Тимур Къаралбий и кьуэр, милицэм и лейтенант нэхъыжь, УФ-м и МВД-м и

Краснодар академием и Налшык кьудамэм и егъэджакIуэ-методист

21. Алексеенкэ Игорь Юрий и кьуэр, милицэм и майор, «Т»-центр

22. Боев Александр Виктор и кьуэр, милицэм и майор, «Т»-центр

23. Казиханов Тамерлан Алий и кьуэр, милицэм и капитан, «Т»-центр

24. Сусаев Ибрэхьим Удай и кьуэр, милицэм и майор, «Т»-центр

25. Тэш Инал Анатолэ и кьуэр, милицэм и майор, «Т»-центр

26. Ульбашев Ахъмэт Зулкарней и кьуэр, милицэм и лейтенант нэхъыжь, «Т»-центр

27. Корчагин Иван Павел и кьуэр, стажер, УФ-м юстициэмкIэ и министерствэм тезыркъэ гъэзэкIуэжьныкIэ и Iуэхущапlэу КьБР-м щыIэм и шофер

28. Нурсахатов Джумагельды Ходжагельды и кьуэр, майор, УФ-м юстициэмкIэ и министерствэм тезыркъэ гъэзэкIуэжьныкIэ и Iуэхущапlэу КьБР-м щыIэ

29. Хлопов Сергей Владимир и кьуэр, прапорщик, УФ-м Юстицэмкlэ и министерствэм тезыркъэ гъэзэкIуэжьныкIэ и Iуэхущапlэу КьБР-м щыIэ

30. Шыбзыхъуэ Беслъэн Хьэутий и кьуэр, капитан, 3-нэ ОВД-м и дежь щыIэ УИИ-м и инспекцэ

31. Шыкъ Элинэ Iэбу и пхър, стажер, 3-нэ ОВД-м и дежь щыIэ УИИ-м и инспекцэ

32. Сидорович Денис Виталий и кьуэр, сержант нэхъыжь, в/ч **2013** (гъунапкIэхъуэм я гупым щыщ)

33. Хьэжагъуэт Заурбэч Мухьэмэд и кьуэр, лейтенант нэхъыжь, УФ-м и МЧС

34. Гуэнгъэщ Арсен Мусэ и кьуэр, милицэм и прапорщик, УФ-м и МВД-м и «Налшык-20» къэралкIуэцIыдзэ полкым и взводым и унафэщI

35. Тарасьян Андрей Владимир и кьуэр, рядовой, УФ-м и МВД-м и «Налшык-20» къэралкIуэцIыдзэ полкым и снайпер

КIэмыргуей Арсен

Юстицэм и лейтенант нэхъыжь КIэмыргуей Арсен Борис и кьуэр Налшык кьалэм Къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ и управленэм 1-нэ ОВД-м и следственнэ кьудамэм щылажьэрт. Милицэм и кьалэнхэр 2001 гъэ лъандэрэ щрихьэкIырт.



КIэмыргуей Арсен 1977 гъэм щыщхэм я 21-м Дзэлыкъуэ куейм хъыз Дзэлыкъуэкъуажэ поселкэм кьыщалъхуащ. Шюлым фIыуэ щIидзащ, ар щэнымрэ зыIыгъыкIэмкIэ адрейхэм кьахэщIыт. Сыт хуэдэ кьалэн пIэрыпIэ щащIалми, ар гурэ псэкIэ игъэзащIэрт, абы щыгуэу ими жэрдэм кьыхилъхьэу. Нобэ абы и егъэджакIуэу щытахэм ягу кьагъэкIыжу щIалэм хэлъа гуапагъэмрэ Iэфыгъэмрэ, пэжыр яго ирагъэщу зэрыщытар. Курыт еджапIэ нэхъыщхьэм Арсен Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и юридическэ кьудамэм щIэтIысхьэри, и курсэгъуэм ефIокIыу кьиуахащ. Сыт и лъэныкъуэкIи зэчэнджэщ, и гурыIуэ зэхуиIуата и адэ-анэм щылэрэ и хъуэпсапIэр кьыдаIыгъри къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ органхэм iэжьэн щыщIидзащ. И Iащагъэм зэрыхитхъэхуэзыным, зыпэрыт Iэнатlэм нэхъри щIадзащ. Юстицэм и лейтенант нэхъыжь КIэмыргуей Арсен табельнэ Iэщэр кьыщIэну ОВД-м и щыIэхэмкlэ щIопхъащ. Щэ кьытемыхуэн папщIэ абы лэжьыгъэм кьыщагъэсэбэп автомашинэхэм ящыщ з ым зыкъуигъэтащIыну хуей хъуащ. А дакьикъэм ирихьэлIэу Байсултановым я уэрамым тет 13-нэ унэм и кьуэрам Iэнатlэ бзаджащIэр гранатэдкIэ а автомашинэм еуащ, зэрытехуэу ар кьэуащ икIи кьэльадащ. КIэмыргуей Арсен метр зыбжанэкIэ Iуэдащ, абы щыужьыкIэ боевикхэр автоматкIэ кьеуащ, ар кьытехуа уIэгъэхэм кьелакьым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щытыкIэр кьыщыцIыгъэтIэсхъэну хэта Iэщэкlэ зэщIауэздэ бзаджащIэ гупхэм Налшык кьалэм Къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ и управленэм 1-нэ ОВД-м и лэжьакIуитI яIэщIэкIуэдащ. Зыр следственнэ кьудамэм щылажьэ юстицэм и лейтенант нэхъыжь КIэмыргуей Арсен Борис и кьуэрщ.

Хэщынысъэшхуэ ягъуэтащ абы и адэ-анэм, щхьэгъусэм, ипхъу щыкIум. Къуэ нэсым щыхьэрыуэ пэжым, адэфIым ахэр зыпищI щымыIэу фIыуэ ильагъурт, пщIэ яхуищIырт, и кьалэн мытынымэ кьыщыдэхуэ зэтехуэ-зэ зы дакьикъэри ядигъаIкIуэрт, зэрегулэпынымрэ зэрадэIэпыкIуэнымрэ яужь итт.

Моллаев Хьэмзэт

Милицэм и лейтенант нэхъыщIэ Моллаев Хьэмзэт Марат и кьуэр 2001 гъэм щыщIэдзауэ кьэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ органхэм щылажьэрт.

МОЛЛАЕВ Хьэмзэт 1980 гъэм Налшык кьалэ кьыщалъхуащ. Курыт еджапIэ №16-р кьиуха нэужь, дзэ кьулыкъум и «радиокрэ» Урысейм и армэм хьэгъэлъ жэуапльыныгъэр зыхихIыжащ, зыхэтым щагъэхэ яку зэхуэ у 2000 гъэ пщIондэ кьалэнхэр щрихьэкIащ.

Хабзэхъуэмэ кьалэн мытынымыр Хьэмзэт кьыщыхихъаи и щхьэусыгъуэр щхэуу кьэнагъэнущ. КьБР-м и МВД-м и УГИБДД-м и плъыр-пост Iэнатlэм стажеру 2001 гъэм магъуэ и 28-м кьыщыщIидзащ, мазищ дэкIри инспектор кьалэнхэр щцэрыль кьыщащащIэ, плъыр частым щылэжьащ.

Республикэм и хабзэхъуэмэ Iуэхущапlэхэм кьащытеуам КьБР-м и МВД-м и УГИБДД-м и Iуэгу плъырхэм Налшык кьыщыдыхьэпIэхэм щыт постхэм нэхъри щIэкъуэзыр кьалэнхэр хэта бзаджащIэхэм я мурадым прагъэщIакIыж.



Сыжажэ Мурат

УФСБ-м и дзжьакIуэхэу бзаджащIэхэм яIэщIэкIуэдахэм ящыщщ Сыжажэ Мурат.

СЫЖАЖЭ Мурат Вячеслав и къуэр 1982 гъэм мазаем и 10-м кьыщалъхуащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ щIалэм ШынагъэншагъэмкIэ федералъэ кьулыкъум и органхэм 2003 гъэм лъэныкъуэ щыщIидзащ. Унагъуэ нухуэну, дуней ину щIэуэну хуэмыжу, щIалэм и гъащIэр нухащ.

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м сыхьэт 11-м дэ ЩэджэкIэ РОВД-м ведомствэм щIэмыт и хьумакIуэ кьалэнмэ и лэжьакIуэ милицэм и сержант Шакъым ЩIхьэлъэкIуэпсым ищхьэрэ лъэныкъуэмкIэ и сэмэгу Iуфэм дежь щыIэ «Нива»-330 кIэ щодстанцым и кьалэнщIэ щрихьэкIырт. Абы радиостанцымкIэ хъыбар кьитащ тенэ зытеIэ «Газель» автомашинэр, Iэщэкlэ зэщIауэздэ цIыхухэр зэрысыр, ШэджэмРОВД-м и ОВО-м и лэжьакIуэхэм яхэуауэ, ШэджэмкIэ лэжьэн зэрыщIэм теухуауэ.

РОВД-м и лэжьакIуэхэр ШэджэмкIэ кьалэ дыхьэпIэм деж автомашинэм кьыщыпэуващ. ЩIэпхьаджащIэхэм я автомашинэр кьалъанэрэ, кьалэм и ищхъэрабгъумкIэ щыIэ ухуэныгъэщIэхэмкIэ яунэтIащ. Аэр псори щащыкIа щхьэкIэ, зыри кьащтэркъэмкIэ - боевикхэм кьалэбгъуэм щыIэ нартыху губгъуэм зыщагъэпщкIыат. Аэр яубыдын папщIэ РОВД-м и лэжьакIуэ гупи 4 ящ ауБыхуащ.

ЩIэпхьаджащIэхэм командпэ пунктыр щащIэту адэкIэ кIуэцIрыкIыну яужь ихьащ. Абыхэм ягъу гу ягъэзыта УФ-м и ФСБ-м и управленэу КьБР-м щыIэм и Бахъэсэн кьалэ кьудамэм и оперуполномоченнэ, лейтенант Сыжажэ Мурат ЩэджэкIэ кьалэм дыхьэну хущIэкъу бзаджащIэхэм япэуващ икIи хьэзэмылын щэр кьытехуащ. Ар Iэкlуэлъакlуэу, шынэ имыщIэу Iуэхум зэрыбгъэдыхьэм и фIыгъэкIэ щIэпхьаджащIэ гупым ящыщу 5-р ящкIащ, зыр яубыдащ. Хэкум и хьумакIуэ пэжым кьигъэльэгъуа хахуагъэм папщIэ Сыжажэ Мурат Лыхъужь и орден кьыхуагъэфэщащ, и гъащIэ Бахъэсэн кьалэ и уэрамым ящыщ щым абы и щIэр фIащащ.

Щомахуэ Тимур

Щомахуэ Тимур Къаралбий и кьуэр 1981 гъэм мазаем и 10-м Налшык кьыщалъхуащ. Зэман дэкIри, тхылъыдзэр и пIэм идзауэ щIалэр щыкIур курыт еджапIэ №19-м я ящ классым кIуащ. Курыт еджапIэр кьиуэри, Щомахуэ Тимур балигъ гъащIэм хэбэкъуащ.

1998 ГЪЭМ фокIадэм и 1-м ар Урысей МВД-м и юридическэ институту Ростов дэтым и Налшык кьудамэм (и щIыналъэ Урысей МВД-м и Краснодар университетым и Налшык кьудамэм) и курсанту кьащтащ. ИльэситI дэкIри милицэм и лейтенант дамэтель щIэрыпсыр кьытелыдыкIыу я ящ у участковэ инспектор кьалэныным. Аруан РОВД-м жылагъуэ щынагъуэншагъэмкIэ и милицэм и участковэ инспекторэм я лэжьыгъэр кьызэгъэпэщынымкIэ и кьудамэм, щыпэроувэ. АдэкIэ КьБР-м щыIэ МВД-м и Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм я кьалэнхэр щрихьэкIащ. ЗэгурыIуэныгъэкIэ зэрылажьэну пIалъэр и кIэм щынэсым, зыIэзыбжьу Щомахуэр хабзэхъуэм органхэм езым и фIэфIыныгъэкIэ хокIыж. АрщхьэкIэ игури и псэри зэта Iэнатlэр Iэщ1ыбэ хуэмыщIу къегъэзэж.

И Iэщ1агъэм зэрыхуэзIижьыр, и кьалэнхэм зэрыхуэпэжыр кьалъытэри, 2004 гъэм и дыгъэгъазэм Щомахуэ Тимур егъэджакIуэ-методисту Урысей МВД-м и Краснодар университетым и Налшык кьудамэм ягъэкIуащ.

И лэжьэгъуэм ягу кьыщрагъэкIыжщи: «Абы жэпуэгъуэм и 13-м и щдэддыжьыр сыт щыгъуи хуэдэу кьыщIидзащ. Сыхьэтэ 9 нэужьыкIи зэпыщIэныгъэмкIэ пIалъэм псоми зэхахьу кьитащ Iэщ1кIэ зэщIауэздэ бзаджащIэхэр егъэкIэм кьытеуэнкIэ зэрыхъунум теухуа хъыбарыр. Абы и пэ дакьикьэ зыбжанэкIэ Iуэнэгъуэ кIэщI-кIэщIуэр авторомэ ут мамырыгъэ кьыщыIуащ... Милицэ щколым пэгъунэгъуэ Урысейм Тезырхэр ирегъэхькIыныбмкIэ и федералъэ кьулыкъум и Iуэхущапlэу КьБР-м щыIэр, абы теуэри бзаджащIэхэм я гурыIуэ фIейр зрагъэхъуIатI».

Щомахуэ Тимур и автомашинэмкIэ щколым дэкIри Шэджэм кьалэмкIэ иунэтIат. Абы ирихьэлIэу Налшык и кьыдыхьэпIэмкIи дэкIыпIэ дзэныкъуэмкIи гъэзгуэм бзаджащIэхэм я зэранкIэ автотранспортыр щыхэтрихьат, щIыхухэр хьэжэпхьажэ ящIыпащIэ абыхэм ящыщ зыбжанэм автоматэр драгъэуейрт. ЩIыхуэхэм я гъащIэм шынагъуэ зэрыщIэр кьызыгурыIуа, Минилиц фащэр щыщIэ Щомахуэ Тимур, табель Iэщэ имыIыгъыу, шынэр имыщIэу, зэтрихьа автотранспортыр зэрызэбгырыкIыным ияжь ихьащ.

Iэщэ зэримыIыгъыр яльагъу пэтми, зи кьалэнхэр зыгъэзащIэ Щомахуэр Iэщ1агъуэнгъу ди экстремистхэм яукIащ.

Іуэрыіуатэ - дыщэ пхъуантэ

Жагъуэгъум хуэфащэр

СОСРЫКЪУЭ яукІин мурад ящІауэ, и жагъуэгъухэр къещэрт. Къещэ щхьанІэ, зэкъуэхуауэ заІэригъэ хьэрэкъым, бэлэрыгъ и хабзэтэкъым.

Зекіуэ къикІыжауэ, Сосрыкъуэ нартхэ я Іэхъуэм гъэгъущхьэм щрихьэлІащ.

- Нартхэ я хъыбар кьезэкІэ, - щыхьащ Сосрыкъуэ нартхэ я Іэхъуэм.

- Нартхэ я хъыбар сэ дэнэ щысщІэн: махуэм сыІэхъуэщ, жэщым сыхьэдэ хъурейщ, - къыжриІащ Іэхъуэм.

- Нартхэ я хъыбар умышІэнумэ, гъуэгущхьэм щхьэ утет? - жери Сосрыкъуэ Іэхъуэм хэгубжьащ.

Нартхэр Алыджхэ я унэм эрыщІэзэхэсыр игу къэкІыжри, Іэхъуэм жиІащ:

- Жэщибл-махуибл хъуауэ, нартхэр Алыджхэ я унэм щызэхэсщ.

- Сыт къаухэсыр?

- Къауэсыр хэт ищІэн?- жиІащ Іэхъуэм. - Сахыхьакъым-сахэлакъым.

- КІуэ,-жиІащ Сосрыкъуэ, - нартхэ яхьыхь, къауэсыр къыслхэущІэ.

Іэхъуэр нартхэ яхьыхащ, къаухэсыр зригъащІэри, Сосрыкъуэ хъыбар къыхуихащ:

- Уэзрауклынщ нартхэ къауэхэсыр.

Алыджхэ я унэ щызэхэсым я гуахъуэ зыриз иригъащІри, Сосрыкъуэ Іэхъуэм жриІащ:

- Гуахъуэр хьыи, Алыджхэ я бжэкъуагъым къуэгъэувэ.

Гуахъуэр ихьри, Алыджхэ я бжэкъуагъым къуригъуваш Іэхъуэм.

- Иджы, - жиІащ Сосрыкъуэ, - Алыджхэ тегъаэм, нартхэр ныр яхэдзэ: «Іэдэмрэ уадэмрэ япэ къежьар дэра?»

Іэхъуэр нартхэм яхьыхащ:

- Іэдэмрэ уадэмрэ япэ кьежьар зыщІэ кьыфхэт? - жери.

- Іэдэращ, - жиІащ зым. - ІэдэкІэ умыбыдмэ, уадэ пхуэщІрэ?

- Уадэращ япэ къежьар, - жиІащ зыми. - Уадэ умылэмэ, Іэдэ пхуэщІрэ?

Нартхэр зэдаэуэ ящІащ. Зэдаэуэрэ зэрыгъэпльри, бжэкъуагъым къуэт гуахъуэхэм епхъуащ, гуахъуэр я зырыз хъуртри, зэхэтьэдэжри я щхьэр къызэрекъутэхащ.

Іэхъуэр къахэкІыжри, Сосрыкъуэ деж къэкІуэжащ:

- Нартхэ зэрыкІыжащ, - жери.

- Хуэфащэр къащыщІащ, - жиІащ Сосрыкъуэ, шэсри и гъуэгу теувэжащ.

УджытІэ Іуащхьэ

ХЪУДЫМЫЖЬ Іуащхьэм тегъуаслъхьэри жейм хилъэфащ. Жеямэ, жэщибл-махуибл кІэ къызэщыужьыртэкъым Хъудымыжь.

Зекіуэ къикІыжауэ, Сосрыкъуэ нартхэ я Іэхъуэм гъэгъущхьэм щрихьэлІащ.

- Нартхэ я хъыбар кьезэкІэ, - щыхьащ Сосрыкъуэ нартхэ я Іэхъуэм.

- Нартхэ я хъыбар сэ дэнэ щысщІэн: махуэм сыІэхъуэщ, жэщым сыхьэдэ хъурейщ, - къыжриІащ Іэхъуэм.

- Нартхэ я хъыбар умышІэнумэ, гъуэгущхьэм щхьэ утет? - жери Сосрыкъуэ Іэхъуэм хэгубжьащ.

Нартхэр Алыджхэ я унэм зэрыщІэзэхэсыр игу къэкІыжри, Іэхъуэм жиІащ:

- Жэщибл-махуибл хъуауэ, нартхэр Алыджхэ я унэм щызэхэсщ.

- Сыт къаухэсыр?

- Къауэсыр хэт ищІэн?- жиІащ Іэхъуэм. - Сахыхьакъым-сахэлакъым.

- КІуэ,-жиІащ Сосрыкъуэ, - нартхэ яхьыхь, къауэсыр къыслхэущІэ.

Іэхъуэр нартхэ яхьыхащ, къауэсыр зригъащІэри, Сосрыкъуэ хъыбар къыхуихащ:

- Уэзрауклынщ нартхэ къауэхэсыр.

Алыджхэ я унэ щызэхэсым я гуахъуэ зыриз иригъащІри, Сосрыкъуэ Іэхъуэм жриІащ:

- Гуахъуэр хьыи, Алыджхэ я бжэкъуагъым къуригъуваш Іэхъуэм.

- Иджы, - жиІащ Сосрыкъуэ, - Алыджхэ тегъаэм, нартхэр ныр яхэдзэ: «Іэдэмрэ уадэмрэ япэ къежьар дэра?»

Іэхъуэр нартхэм яхьыхащ:

- Іэдэмрэ уадэмрэ япэ кьежьар зыщІэ кьыфхэт? - жери.

- Іэдэращ, - жиІащ зым. - ІэдэкІэ умыбыдмэ, уадэ пхуэщІрэ?

- Уадэращ япэ къежьар, - жиІащ зыми. - Уадэ умылэмэ, Іэдэ пхуэщІрэ?

Нартхэр зэдаэуэ ящІащ. Зэдаэуэрэ зэрыгъэпльри, бжэкъуагъым къуэт гуахъуэхэм епхъуащ, гуахъуэр я зырыз хъуртри, зэхэтьэдэжри я щхьэр къызэрекъутэхащ.

Іэхъуэр къахэкІыжри, Сосрыкъуэ деж къэкІуэжащ:

- Нартхэ зэрыкІыжащ, - жери.

- Хуэфащэр къащыщІащ, - жиІащ Хъэрэмыжь, Хьэлэлыжь зыкІэригъэхун мурад ищІати. - Сэ ищхьэкІэ сыкІуэнщ, уэ и гъуэгу теувэжащ.

Мыщэр, дыгъужьыр, бажэр зэрыгъэІущати, мыщэм жиІащ:

- Бжьыхьэм танэ зырыз къызэфтыжьынумэ, сэ зыввэзгъэхынщ.

Дыгъужьым имыдафэ зытригъэуащ:

- Уэ лы пкІэрылъкъым. Уэ лыуэ пкІэрылъым щхьэкІэ танэ сигу пыкІынукъым. Сэ сыфшх, танэ зырыз къыдэфтыжьынумэ. Тхьэ къыслхэфІуи, зывввэгъэшхынщ.

Бажэм идакьым:

- Уэри лыу э пкІэрылъ щыІэкъым: хуэкІэбжьжьэкІэщ. Сэ зыввэзгъэшхынт, сыщыкІыІуэщ армыхъ у.

- Уэ Іейм танэ пщІэстыфынукъым, - жиІащ дыгъужьым. - Зэ дзэкъэгъуэ уснуэхьунукъым.

- НтІэ хэт зыдэзыгъэшхынур? Танэм зыхэвмыгъэкІыж,-жиІащ бажэм.

И щхьэм щІэтІахъуэри, кхъуэныжьыр гупсысащ:

- Сэ зыввэзгъэшхынт, сыкъэвгъэпІэнкІэ сошынэ армыхъу.

Мыщэми, дыгъужьми, бажэми тхьэ яІуащ:

- Бжьыхьэм фІэдгъэкІынкъым: танэ зырыз нэтхунщи, батыргъэн лъабжьэм щІэдгъэзэгъэнщ.

- Сыфшх-тІэ, - арэзы хъуащ кхъуэныжьыр.

Кхъуэныжьыр япхри, яукІащ. Мыщэр евэлІауэ, кхъуэныжьыр зэІех, дыгъужьымрэ бажэмрэ Іуфэльафэр къажьихь. Кхъуэныжьым и тхьэмщІыгъур Іэпыхуащ мыщэм.

- ТхьэмщІыгъур лъэсэжь, дыгъужьыжь-сабэм хэхуащ, - жиІащ мыщэм.

ТхьэмщІыгъур инпхъуатэри, псым жащ дыгъужьыжьыр. Заул дэкІри, ІэнэцІу кьигъэзэжащ.

- Дэнэ пхьа тхьэмщІыгъур?

- Псым сІэщІихащ, щысльэсыжьым, - жиІащ дыгъужьым.

Жьэжьейри Іэпыхуащ мыщэм.

- КІуэ, жьэжьейр лъэсиж.

Жьэжьейр ихьри, псым жащ дыгъужьыр. Заул дэкІри, ІэнэцІу кьигъэзэжащ.

- Жьэжьейри псым сІэщІихащ,- жери.

Мыщэм гури Іэпыхуати, ари псым ихьащ дыгъужьым. ЩІэх дыдэ кьигъэзэжащ:

- Нобэ къысщыщІар сыт: гури псым сІэщІихащ, - жери.

- ПІэщІимыхакІэ тхьэ пхуэсІуэнщ! - жиІащ мыщэм. – ТхьэмщІыгъур, жьэжьейри, гури уэ пфІэжІакъым. КьыбжьэдэзгъэпІкІынкъэ иджьыстч!

Мыщэмрэ дыгъужьымрэ зыззэрадэри пабжьэм зэрыхэлъэфащ.

- Зэрынапэнщэ ар: хьэрэм имышхауэ ишхыр и дзажэм дыхьэрэкъым, - жиІэуэрэ кхъуэныжьым и лыр фэм кІуэцІишыхьри лъэныкъуэ иригъэзащ бажэм.

Мыщэмрэ дыгъужьымрэ зэрыфыщІи - зэрыфыщІри кьагъэзэжащ, я цыр ууэ.

- Дэнэ щыІэ лыр? - еупщІащ мыщэр бажэм.

- И фэр зытриубгъуэжри, кхъуэныжьыр мэзым хьхьэжащ,- жиІащ бажэм. - Шэч кьытхуищІащ: «Танэ къуатыжьинкІэ уащыгугъ хъунукъым абихэм», - жиІащ.

Мыщэр дыгъужьым щІэкІиащ:

- Аращ кьытхуэпхьар, напэншэ! Кхъуэныжь бэгъуэм дыхэбгъэкІыжащ.

- Дыльебгъажьи, дебгъэльэІу: ди хьэтыр кьилъагъунщи, щІегъэжьанкъым, - жиІащ дыгъужьым.

- ДэнэкІэ эдигъэзар?

- Мэзым хьхьэжащ, - жиІащ бажэм. - Жьыжь нэсагъэнукъым. Фыльежь, фи хьэтыр кьилъагъумэ, сыхэвмын.

Мыщэмрэ дыгъужьымрэ мэзым хьхьащ. Кхъуэныжьым и лыр бажэм кьыхуэнащ.

ДыІэщІэмыкІуадэ щІыкІэ

ЕЖЬЭН мурад ищІати, Кьуийцыкіу и анэм жриІащ:

- Пщэдей Іуэгу сытекьэжащи, гъуэмылэ схуэгъэхьэзыр. Зы хьэжыгъэ хъуржынрэ зы кхъуейхьэл цынэрэ фІэкІ сыхуейкъым.

Гъуэмылэр здищэри, Кьуийцыкіу ежьащ. Зы дыди здрихьэжьащ. Гъуэгу тетыр, псы ирихьэлІащ Къуийцыкіу. Псым эзэрпльмэ - адрыщІым зы инывжь итщ.

- Инывжь, псым кьикІи, сызэпрых, - еджащ Кьуийцыкіу инывжьым.

- Псым сыникІын мурад сиІэщ сэри - жиІащ инывжьым. - Уэ унэхь лъэщмэ, сынникІынщи, псым укъызэпрысхынщ. Сэ сынэхь лъэщмэ, укъикІынщи, псым сызэпрыпхынщ.

- Сыт пхуэзэфІэкІрэ? - еупщІащ Кьуийцыкіу инывжьым.

- СхуэзэфІэкІым кьеплъ,- жиІащ инывжьым, зы мывэ игъэщащэри, жьым хилхъащ.

- Сэ схуэзэфІэкІри уэзгъэлъагъунщ, - жиІащ Кьуийцыкіу. Мывэ кьищтэ зищІри, хьэжьигъэр жьым хилхъащ, нэгъэущ зы мыви кьищтэ зищІри, кхъуейхьэл цынэм псы кьыщІихуащ. - Зы мывэр згъэщащэри, жьым хэспхащ. Зы мывэр сПЫТІри, псы къыщІэсхуащ.

- Абы щыгъуэ укъыстекІуащ, - жиІащ инывжьым. - СынникІынщи, псым укъыстхынщ.

Инывжьыр псым кьикІащ: «КьыщІэзэпрыскхІэ, псым и кум дэж сызыщІэтІысхьыкІынщи, егъэзэтхъэзэнщ», - жери.

Инывжьым и дамэм зыгъригъэзэгъащ Кьуийцыкіу, псым щыхьихьэм инывжьым и пщэм дыдыр хихуащ.

- Си пщэм сыт кьыхэпхуар? - гъуэмылэмащ инывжьыр.

- Ар зырикІщ, аргъуэл кьодзэкъа хуэдэщ. Псыкум дынэсмэ, пхэсІунуращ нэхъ Іуэхур, - жиІащ Кьуийцыкіу.

Кьуийцыкіу псым зэприхри, инывжьыр кьэувыжауэ кьыжьэхопльэ.

- ЩхьэзэкъэзэфІэкІ,- жиІащ Кьуийцыкіу. - Си щыпэхьэ трам зрищІыгъуэ: «СыкъащІэмэ, сызэпкъраудынщ»,- жери и псэр ІукІащ.

- Хэт сыт кьехъуда ноб? - щІэупщІащ мыщэр, и гущІыІу дэгъэзеяуэ здэщыІым. - Сэ бжьахьэу жьэмщхьэм гуэрсрихьэлІати, щэджагъуэ жей ищІым бжьэ матэ кьыфІэсхьри сытхъэжащ ноб3.

- Сэри сытхъэжащ ноб3, - жиІащ дыгъужьым. - Зы мэлхьуэ жьэрыпльэ срихьэлІати, и ищхьэрэкІэ ех. КъытпэщІэхуэІамэ, мыбдеж дыщызэрихьэлІэжынщ.

И гъуэмылэр и плІэм ирильхьэкри, Хьэрэмыжь ипщэкІэ дэкІуеящ.

Сыт ищІэжынт Хьэлэлыжь: псы Іуфэр иубыдри, ищхъэрэкІэ иригъэзыхауэ, щхьэл ирихьэлІащ. «Жэщыр шискъыщІ», - жери щхьэлым щыкІыжащ Хьэлэлыжь, ныбэ ящІти, и щхьэр здижагъэм, щхьэл гуэным зригъэзэгъащ.

Жэщыбг хъуауэ, щхьэлым мыщэ къыщІыхьащ. Мыщэм зигъэжкІурия къудейуэ, зы дыгъужь къыщІэпкІащ щхьэлым. Дыгъужьым зы бажи кьыкІэлысащ. Хьэлэлыжь щхьэл гуэным зрищІыгъащ

КІыщокъуэ Алим и фондым щыдохъумэ

● Щэнхабзэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цыхубэ усакІуэ, У рысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь КІыщокъуэ Алим и архив фондыр 2005 гъэм мэкъуаугъэуэ мазэм кІыэзрагъэпэщауэ щытащ. Фондым хэлъщ документи 110-рэ, абыхэм кІыэзэІаубыдэ 1935 гъэм кІыщыщІэдзауэ 1996 гъэм нэс. Документхэр КъБР-м и Архив Іуэхущ Іапэм къратащ усакІуэм и цуэ КІыщокъуэ Айтэчэр (Александрэ) Алим и шыпхъу КІыщокъуэ Хьамсинэрэ.

КЪЭБЭДЕЙ литературэм и пщІэмрэ и щыхьымрэ льагэ зыдэхъуэ тхакІуэ, усакІуэ щэджащэу КІыщокъуэ Алим, и усыгъэхэмрэ и пэмыжщ, абы и кІалэмыщІэм кІыщІэкІащ драмэ, публицистикэ, критикэ тхыгъэ купщІафІэхэр. Фондым щыІэхэуэхсащ апхуэдэ тхыгъэхэм я Іэрытхэр.

КІыщокъуэ Алим и усыгъэ, проэзэ тхьылъ куэд дунейм кьытехьащ, абыхэм я нэхьыбапІэм я Іэрытхэри хэльщ тхакІуэм и фондым.

Фондым щІэльщ, псальэм папщІэ, Алим и роман щІэрыІуэхэм - «Хьуэпсэгъуэ нур», «Мазэ ныкьуэ щхьуантІэ», «Эмирым и сэшхуэ», «Нал кьута», «Льапсэ» романхэм я Іэрытхэр. А романхэр адыгэбзэкІи урысыбзэкІи куэдрэ кьытехьащ дунейм. Солоухин Владимир урысыбзэкІэ зэридзэкІауэ щыта «Нал кьута» романым и Іэрытхри хэльщ фондым.

Фондым щыдохьумэ КІыщокъуэ Алим и «Бгъущхэ хужьым укьеплъыхьмэ» тхьылъым и Іэрытхэр, абы льэбжьэ хуэхъуар тхакІуэм и гукъэкІыжкхэрщ. Іэрытхэр щыхьэт тохьуэ а тхылъым Алим куэдрэ зэрелэжьам, кьаруушхуэ зэрырихьэлІам. Ардыдэр хужьпІэ хъунущ нарт хъыбархэр льабжьэ зыхуэхьуа «Мывэ гущэ» повестми.

КІыщокъуэм и Іэдакъэ къыщІэкІауэ щытащ драмэ тхыгъэ зыбжанэ - «Гъуэгуанэ», «Нал кьута» (ныхтІ хьуэ э), «Тепщэч льат э», нэгъэщІэк эри. Абыхэм я Іэрытххэри щыдохьумэ фондым.

КІыщокъуэ Алим и япэ усэ тхьылъыр («Бгы льапэхэм деж») 1941 гъэм кьыдэкІауэ щытащ. Абы кьыкІэлъыкІуащ «Шум и гъэзуг», «ЩІалэгъуэ щыналъэ», «Мывэ хуабэ», «Дамыгъэ», «Батырбжькъ», «Вагъуэ махуэ» усэ тхьылъхэр, нэгъэщІэкхэри. Абыхэм ящыщ усыгъэ куэдым я Іэрытххэри кьытІэрыхьащ.

Хэку зауэшхуэм и зэманым «Сын Отечества» газетым тхыгъэ хьэлэмэт куэд тридзащ КІыщокъуэ Алим - ахэри кьыщыбгъуэтынущ фондым.

Льэпкъ литературэхэм зэрызаужьа щыкІэм, тхакІуэ, усакІуэ щІэрыІуэхэм я творчествэм, ди щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ ятеуухуэ тхыгъэ куэд кьыдзэриигэкІащ КІыщокъуэ Алим - абыхэми щыгъуазэ зыщыщыщыфынуф фондым. Абы хэльщ Алим и гукъэкІыжкхэр, гъуэгуанэ тхыгъэхэр, нэгъэщІэ тхыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр, псальэм папщІэ, КІыщокъуэм и кандидат диссертацэм и Іэрытхэр.

КІыщокъуэ Алим и гъащІэмрэ и Іуэхущафэхэмрэ щыгъуазэ ящІ фондым щытхъуэ документ куэдым, абы хэльщ КІыщокъуэм Хетагуровым и цІэр зезыхьэ кьэрал институтыр, Къэбэрдей-Балъкъэр дипинститутыр кьыдзэриухам щыхьэт техьуэ дипломхэр, гъуэгуанэ тхылъхэр, Шолохов Михаил и цІэкІэ ят саугъэтыр кьыдзэрыхуагъэфэщамкІэ дипломыр. НэгъэщІ документ куэдм хэльщ ди тхакІуэ, усакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ КІыщокъуэ Алим и фондым.

АЩХЬУ ЗГ Раисэ,
КъБР-м и Архив кьулыкъум иджырей тхыдэмкІэ и центрым и Управлензм и унафэщІ.

● Узыншагъэ

Къэрал гульытэ

Сабий зеиншэхэм, быунагъэщхэхэм кьахэкІа ныбжьыщІэхэм я узыншагъэр зыхуэдэр кьащыгъэнырепубликэм щыщІадзащ. «Узынщагъэ» льэпкъ проектым кьыщыгъэлъэгъуа, щІэблэр узыншинымкІэ мыхьэижщхуэ зиІэ а Іуэхур кьызырахьэжьэр ильэс ещанэм нтш икІи зиужь зэпыту йокІуэкІ.

КъБР-м Узыншагъэр хьэмэныкІэ и министерствэм ищІа унафэ щхьэхуэм ипкъ иткІэ, сабийхэм я узыншагъэм зэрыкІэлъыплъыну щыкІэр яубзыхуащ. Абы кьызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, и узыншагъэр кьэпщытэнымкІэ кьалъхуагъашІэ сабийм кьыщыщІдзауэ и ныбжьыр ильэсиІ 4 ирикъуа сабий кьэс - сом 1877,5-рэ, ильэсиІ 5-17-мит сабий кьэс - сом 2377,6-рэ текІуэдэнущ.

Диспансеризацэм хэтынущ республикэм и поликлиникэ, сымаджэщ, узыншагъэр хьэмэным епха нэгъэщІ апхуэдэ Іуэхущ ІапІэу 11. Абыхэм лабораторэ кьэхутэныгъэхэр щрагъэкІуэкІынущ, УЗИ, ЭКГ щащІынущ. Я ныбжь елытауэ сабийхэм еплъынущ дохутыр-Іэщ Іагъэ ІІ зэхуэдэкІэ. Абыхэм яхэтщ педиатрхэр, неврологхэр, нэм, дэм, тэмакъым, кьэпщхьэм еІэзэ дохутырхэр, писихиатрхэр, хирургхэр, эндокринологхэр, нэгъэщІхэри. А дохутырхэм набдзэгубдзапІэхэр кьапщытэнущ сабийхэм, ныбжьыщІэхэм я узыншагъэр зыхуэдэр.

Кьэпщытэныгъэхэр зэфІэкІа нэужь, щІыпІэ сабий дохутырхэм Іэщ Іагъэ ІІ хэхаха я чэнджэщ хуэныкъуэ сабийхэр кьаухтэнущ, япкърыгъуыфхэр гъэхъужьыныкІэ сэбэн хьунущ.

КъБР-м Узыншагъэр хьэмэныкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Лъым хэт хъуаскІэ

● ТхылъыщІэ

КЪЭЖЭР Петр куэдым яцІыху, гунэс ящхьэху усакІуэ хьэлэмэтщ. Абы и кьаІэмэпсэм къпщІэкІ усыгъэхэр щІэщыгъэщ, уэрэдым хуэдэу зэщІожьыуэ, купщІафІэщ, образ дахэжмкІэ кьуІелІщ. Апхуэдэ «хьэтІым» гу лъатэри, макъамэ тельыджхэр «щыгтым» хуащІауэ, Къэжэрым «кьигъэщІа» уэрэдхэр ильэс Іэджэ хъуауэ ди щыналъэм щоІу, жьы мыхъуу, гумрэ псэмрэ еуэфыІуэ.

Иджыблагъэ Петр щІэджьыкІаКІуэхэр игъэгуфІащ тхьытьащІэ, «Гуапагъэ» зыфІищамкІэ. Ар кьыщыдэкІащ «Эльбрус» тхьытъ тедзапІэм. Щыхугъэ, щыагъуныгъэ, адыгагъэ, гуапагъэ - ахэращ Къэжэрыр нэхьыбГэу дэзыхьэхьыр, гъуазэ льапІэу кьиІытэу, гурыгъу-гурыщІэ кууэхмкІэ зыхуэсэсэр.

«Гуапагъэр хьэл къудейкъым е мыщэн, - ечэ усакІуэм. - Ар си льым хэт щхьэгъэм и зы хъуаскІэщІ...» Петр псом хуэмыдэу игъэльапІэр гуфІэгъуэ нэпсхэр кьыщІэзыхуу, уи льэр щІэзыгъэкІ, кьаруущІэ пхуэхъуу, уи зэфІэкІхэр ину кьэзыІэт гуапагъэращ. Ардыдэр яхуэмыпІэхъунущ щыхуфІагъым, адыгагъэм, льагъуныгъэ нэсым теухуа усыгъэжэм.

УзыщІэтхъупхъэщ, лирикэ усыгъэ хэм кьадэкІуэу, усакІуэм и тхылъыщІэм Хэкум, льэпкъым, ІІыхъужьыгъэм, напэм, зэманым теухуа гупсысэ гъагъэхэри кьыщзэрыщиІэтыр.

Щэч хэмыльу, тхылъыщІэр усакІуэм и ехъулІэныгъэщхэущ.

ШЭ ДЖЭМОКТУЭ Мурадин.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Нобэ Налшык къыщыІэзІуах УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и секретариатым хэтхэм я зэхэсыгъуэ. Ар иритащ Урысей Федерацэм и Кинематографистхэм я союзым и тхьэмадэ, кинорежиссер цІэрыІуэ, УФ-м и цыхубэ артист Михалков Никитэ.

Сурэтым: **и бгъунтІымкІэ щыщытщ кинорежиссер цІэрыІуэ Михалков Никитэ ипхъу актрисэ Анненрэ абы и щхьэгъусэ, Урысей Федерацэм Щэнхабзэмкі э и Фондым и вице-президент, адыгэ щІалэ Бакіуу Альбертрэ, абыхэм я кІуэ дзэщ Анненрэ адэжьыуэ я ухакІуэ, тхакІуэ, СССР-м, УФ-м я къэралыгъуэ гимнхэм я псалъэхэр зытха, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь Михалков Сергейрэ Альберт и анэ БакІуу (Абыкъу) Даусимэтрэ.**

Сурэтыр 2006 гъэм трахащ.

● Ди псэлъэгъуэр

Къебгъажьэр хабзэщ

Щэнхабзэм, адыгагъэм хуэлажьэ, ар зыхъумэ, нэхъри езыгъэфІакІуэ цІыхум сыт хуэдэ пщІэри, фІыщІэри, щытхъури къелэжь. Апхуэдэхэм ящыщІ «Джэгуакіуэ» Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ Къуныжь Маринэ.

- Маринэ, «Джэгуакіуэр» къыщЫызэрыгъэпэщам теухуауэ сыт къыджепІэн?

- Адыгэ лъэпкъым и хабзэ куэд зэрытІэщІэжхужар псоми дощІэ. Дауи, абы щхьэусыгъуэ куэд иІэщ икІи абыхэм куэдрэ дытопсэлъыхь. Упсалъэр зырикІщ, Іуэхуу кьыкІэлъымыкІуэмэ. ЦІыхум ебгъэльэгъураш щоІу. ЩІынжынур.

Псалъэм папщІэ, пасэрейм хьэгъуэлІыгъуэр, дауэ зэрыраГэкІуэкІыу щытар? Жэщищ-махуищкІэ зэхэтт гуфІэгъуэр,ефэ-ешхэр хабзэ ткІиим тету, щІалэгъуалэр джэгуу пщІантІэм дэту, хьэтикІуэм пщащхэхэмрэ щІуэхэмрэ кьыдишыурэ, кьызэдэфитІым кьищынэмыщІа нэгъуэщІ утыкум ирамыгъыхьэу, джэгур дахэу иригъэкІуэкІыу апхуэдэт. А псори зыгъэджэгужьыр, гуфІэгъуэр гуфІэгъуэ зыщІыр джэгуакІуэрат, уэрэдыжьхэр кьришрэ щыкІэпшынэр игъэбзэрабзэу, гушыІэр и бэу ар цІыхухэм яхэтт. Абыхэм пщІэшхуэ хуащІу, ягъэльапІэу апхуэдэт. Иджыпсту тлъагъур сыт? ЩІалэгъуалэр зэхэтІыхьажэрэ Іэнэм бгъэдэсу, щыхьэлынши кьэхъуу, утыкум цІыху зыбгъэущІ кьызэрытешарэ, зыр зым едэмэпхъаэуу, кьызэрыфэ кьафэри гурыІуэгъуейуэ... Псори апхуэдэущ жысІэркъым, ауэ хабзэмыщІэхэр ди куэдщ, ди жагъуэ зэрыкъэнущ. Пасэрей хабзэхэр мэкІуэдыж, арагъэнщ жэщищ-махуищкІэ зэхэту щыта хьэгъуэлІыгъуэр сыхьэтищым щІылъхуэзэІуэжар!

Мис апхуэдэ гупсысэхэращ кьызыхэсхар мыпхуэдэ Іуэхущ Іапі эр кьызэрэпэщыныр.

- Фи Іуэхущ Іапі эм, иригъэкІуэкІ дауэдапщэхэм утезгъэсэлъхьыхьнут.

- Дэ езыр-езыру кьызэдгъэпэщыжьыр концертхэмрэ джэгухэмрэщ. Ауэ гущхэхэпхэ, льэтеувэ, хьэгъуэлІыгъуэ, кхъуеИпльыжькІэрыщІэ, нэгъуэщІ гуфІэгъуэ зиІэ цІыхур и Іуэхур хуэтІэтыну кьыдэлъэІуэмэ, ар кьалэн зыщыдощІыж. Сыт хуэдэ гуфІэгъуэри хабзэхэм тету идогъэкІуэкІ. ИкІи, хабзэ зэрыдгъэльагъуэм и заКъуэ мыхъуу, уэрэджьІакІуэхэри, пшынауэхэри, джэгуакІуэри, хьэтиякІуэри, кьэфаКІуэхэри, пэшыр гъэщІэрэщІэнри ди Іуэхущ. ЦІыхур телефонкІэ кьэпсалъэрэ, си хьэгъуэлІыгъуэр сухуэдфх жиІэмэ, адлежьи абы и Іуэхур зэфІокІ, уасэ хуэдгъэльагъуэмкІэ арэзымэ.

- Зи гугъу пщІы Іуэхугъуэхэм льабжьэшхуэ яІэщ, хабзэм теухуауэ щІэныкъэ ббгъэдэмылъу аХэр гъэзэщІэрейщ. Хэт щІэгъакъуэн, чэнджэщгъу кьыпхуэхъуар?

- «Джэгуакіуэ» Іуэхущ Іапі эр кьызэгъэпэщыным сыхуэзыщар ЦІыпІынэ Асльэнщ. Ар адыгэ дауэдапщэхэмрэ щэнхабзэмрэ щытепсэльыхь нэтын зыбжанэ телевидензмкІэ кьитащ. Абы жиІэ псори сфІэгъэщІэгъуэну сеплъат а нэтынхэм. Ди хабзэхэр кьэгъэщІэрэщІэжьынм теухуауэ Асльэн хуэдэ ещІэ. Мы ЦІыпІынэм зи гугъу ищІыр нэхуэгъуэм и 20-м фІэмыкІыу лэжьакІуэ гупым иратын хуейщ:

а) зэпыщІэм хэтыну марад зэрапэмкІэ лъэІу тхылъ, кьагъэкІуэну лІыкІуэхэм (цІыхухэ мынэхьыбзэ) я унэцІэхэр, я адэщІэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэм абыхэм щагъэзащІэ кьуІыкъур иту:

б) жылагъуэ зэгухьэныгъэм и уставым траха копиер;

в) жылагъуэ зэгухьэныгъэр кьэралым зэриткамкІэ щыхьэт тхылъым траха копиер.

Документхэр щыІах мы адресым: **Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 55, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унэ, пэщ №205.**

ФІыщІэупщІэ хъунущ **40-42-49** телефонымкІэ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

● КъБР-м и прокуратурэм

ЩхьэзыфІэфІхэр къыжьэдакъуэ

Бахъсэн и прокуратурэм сэтей кьищІащ кьалэм и щІыналъэм «Рекламэм и Іуэхукіэ» Федеральнэ закону 2006 гъэм гъатхэпэм и 13-м кьыдэкІам куэдрэ зэреба - къуэр. А Законым ипкъ иткІэ рекламэм пылъхэм пІэн хуейщ хуит зыщІ тхылъ. Арщхьэкіэ кьэпщытэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ апхуэдэ тхылъхэр ямыІэу нэхьыбэм рекламэ пхъэбгъушхуэхэр езыхъэм къыхаха щыпІэхэм зэрыщыфІадзэр.

А МЫХЬУМЫщІАГЪЭХЭР ирегъэльагъуэ прокуратурэм кьалэм и администрацэм и Іэтащхьэм тІэунейрэ зыхуигъэзащ.

Хуит зыщІ тхылъыр щыІэ хабзэм тету кьыдзэрыІэрымыхьэм зыкъэкІыу, абы хуэзэ ахъшэр кьалэ бюджэщІэт лІэныгъэм зэрыщІ.

Прокуратурэм кьыщІэщащхэр я лъабжьэу, Бахъсэн кьалэм и щІыпІэ самоуправлензм и Советым 2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м иригъэкІуэкІа сессием унафэ кьыщащтащ рекламэхэр зэрагъэуІуэ, абыхэм зэракІэлъыпІэ щІыкІэм теухуа хабзэхэр щыубзыхуаУэ.

Архитектурэмрэ кьалэ ухуэныгъэмкІэ кьудамэм и унафэщІым хуагъэлъэгъуащ рекламэ гъэувыным хуэгъэза лэжьыгъэр щІыналъэм зэрыщыкІуэкІ щыкІэр.

Бахъсэн и прокуратурэм дяпэкІи мы Іуэхум и нэІэ тригъэтынущ.

Сакъым хуэдэ щыІэу пІэрэ?

Тэрч куейм и прокуратурэм кьиІыщатащ экстремист Іуэхущафэхэм пэщІэтыным теухуа лэжьыгъэр щІыналъэм зэрыщекІуэкІ щыкІэр.

КУРЫТ еджапІэ №25-м, щэнхабзэ Іуэхущ Іапі и 3-м щыІахэщ икІи абыхэм я унэхэр террорист щІэпхъаджагъэхэм зэрапэщІэтыфынырэ зрагъэщІащ.

Абы кьыдэкІуэу щыгъуазэ защІащ кьуажэхэм я щІыпІэ самоуправлензм и органхэм дин экстремизмэрэ терроризмэрэ зэрыпэщІэт лэжьыгъэр зыхуэдам, езыхэм я нэІэ зытет щІыпІэхэм щІэ компьютер пэшхэр экстремист литературэр пхагъэкІын папщІэ кьемыгъэгъэсэбэпыным теухуауэ зэфІагъэкІхэм.

Щ1ыщІэныгъэм я нэхъыбэр кьыхокІ елъэкІыу щынагъуэщ зэтрагъэпсыхьын папщІэ зыхуеину мылъку зэрабгъэдэмылъым.

Тэрч куейм дин экстремизмэрэ терроризмэрэ зэрыпэщІэтын лэжьыгъэ убзыхуэ иІэщ, арщхьэкІэ ахэр зымыгъэзащІи щыІэщ.

Къэпщытэныгъэм къриКІуахэм теухуа унафэ кьащтащ.

МЫРЗЭКЪАН Лиуан.

Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ ЩІэнхабзэмкІэ ЩАХ-м и Іэпэсэщакіуэ гупым хэт, Мейкъуапэ дэт бзэхэр щадж «Актив» центрым и тхьэмадэ **Едыдж Мэмэт Эмин и кьуэм** хуогузавэ абы и анэ **Нурие Мехьмет и пхър** зэрыпІам кьыхэкІыну.

ЛэІу тхьилъхэр вгъэхьэзыр

● ХъыбарегъащІэ

ИДЖЫБЛАГЪЭ зэхэтащ Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм хагъэхьэныгъэр кьэгъэлъэгъуэнымкІэ Ипщэ федеральнэ округым щрагъэкІуэкІыну конференцым ягъэкІуэнухэр жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм кьабгъэдэкІыу кьыщагъэльэгъуну республикэ зэ хуэсыр зыгъэхьэзырыну лэжьакІуэ гупым я япэ зэІуІэр.

ТэрэзыжьІуэ гупым кьащта гъащІэмрэ щыІалъэ зэхуэдэкІэ щыІалъэ 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м сыхьэт 14.00-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и пэщыІэм щыІэзэхуэсынущ.

Щыналъэ щыІналъэ зэхуаку жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ящыщу абы кьырихьэлІэну хуейхэм 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м фІэмыкІыу лэжьакІуэ гупым иратын хуейщ:

а) зэпыщІэм хэтыну марад зэрапэмкІэ лъэІу тхылъ, кьагъэкІуэну лІыкІуэхэм (цІыхухэ мынэхьыбзэ) я унэцІэхэр, я адэщІэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэм абыхэм щагъэзащІэ кьуІыкъур иту:

б) жылагъуэ зэгухьэныгъэм и уставым траха копиер;

в) жылагъуэ зэгухьэныгъэр кьэралым зэриткамкІэ щыхьэт тхылъым траха копиер.

Документхэр щыІах мы адресым: **Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 55, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унэ, пэщ №205.**

ФІыщІэупщІэ хъунущ **40-42-49** телефонымкІэ.

● Футбол

КІэух зэІущІэм зыри елъытыжакъым

ЕТІАНЭГЪЭ ЮАР-м щыІэну дунейпсо чемпионатым и кІэух зэпеуэм хэтын папщІэ, Европэм и къэралхэм я командэ кьыхэхахэм Мэзкуу щагъэгъэкІуэкІыну зэІущІэм ди щІалэхэм я дежкІэ куэд елъытат. Нэмыщхэр хагъэщІэфмэ, зыхэт гупым япэ увыпІэр кьыщахьынрэ ЮАР-м зэрыкІэрэнэр хьэкъат.

Армырамэ, адэкІи бэнэныгъэм пащэнут.

ЦІыху мин 80 кьызрихьэлІа зэІущІэр хуабжьу уэзыІэпызышэу екІуэкІащ. Урысей Федерацэм и футболистхэмрэ тренерхэмрэ хуабжьу щыгугъат «Пужники»-м и Іэрыщ1 губгъуэм япэ дыдэу щыджэгу нэмыщхэм ар кьаІэзрытехьэльэпхэр кьагъэсэбэпыфыну, илъэситІ и пэкІэ инджылызхэр апхуэдэу зэрыхагъэщІам хуэдэу. Арщхьэкіэ ахэр зэхуэрагъэхуэм джэгум фІыІуэ зыхуагъэхьэзыраУэ кьыщІэкІащ икІи псоми haIуэ щащІащ уи Іэзагъыр льагэмэ, дэни екъуІэныгъэ зэрыщІэзыІэрыбгъэхьэфынур.

Командэхэр сыхьэт ныкъуэкІэ зэхуэдэу зэпэщІэтыфрауэ аращ. Абы иужькІэ, Германием тепщэныгъэр иубыдащ икІи я гъащІэхуэ Клоэе Мирослав дигъэкІа топым зыхэт гупым нэмыщхэм япэ увыпІэр щариГъэувыдам кьищынэмыщІауэ, ЮАР-м зэрыкІуэну путевкэхэри кьахэихащ. Пэжщ, ди щІалэхэми я льэкІ кьагъэнакъым. Ауэ нэмыщхэр хагъэщІэн папщІэ, а пщІэхьэщхьэм ар машІэу кьыщІэкІащ.

Пщэдей кІэух зэІущІэхэр екІуэкІынущ. Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхар Азербайджаным Баку щыдджэгуным. Гульым щекІуэкІ зэпеуэм кьрикІуэнум теухуауэ абы мыхьэнэ зэпхьэкІи иэжкъым, сыту жыпІэмэ армырами Германиер япэщ, дыдейкэр етІуанэщ. Иджы щэкІуэгъэщ магазэм Урысей Федерацэм Іуэщ Іэну кьыпІэщылъщ адрей гупхэм етІуанэ ящ увыпІэр кьыщызыхьа командэ кьыхэха гуэрым. Ар блыщхэ кьакІуэ пхъэидзэм игъэбелджылынущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

«Спорт» каналыр зэхуащІыж

2010 гъэм щегъжьауэ «Спорт» каналыр зэхуащІыж. Ди телевизореплъхэм я гум хуэбжьу щІыхьэну апхуэдэ хьыбар иджыблагъэ зэхуІуащ.

ВГТРК-м и унафэщІ Добродеев Олег зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэ унафэ кьащтэнкІ кьызыхэкІар экономикэм пыщІа щхьэусыгъуэхэрщ. Абы щыгъуэми я мурадщ телевизореплъхэр нэхъыбэу дзэныхэх футболыр, хоккейр, волейболыр, баскетболыр «Спорт»-м и пІэкІэ кьызэрагъэпэщ «Урысей-2» щІалэгъуалэ каналым дяпэкІи щыщагъэльэгъуэну.

Ауэ ар яхуэзэфІэкІыну фІэщщыгъуейщ, сыту жыпІэмэ Добродеевым зи гугъу ищІ спорт лІэужьыгъуэхэр кьигъэльэгъуэфын папщІэ, каналым ахъшэхуэ щІитын хуейщ, адрейхэр пщІэнщэу ящІэзэрыкъу щытащ.

ХЬЭТАУ Исльам.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЪЭКІЭМЫХЬУ Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъуэщо Зарифэ, Къардэн Маритэ, Ныбжь Таисэ, Хьэжьыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещанэ нэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ Іапі эхэм я ядолажьэмкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ельыкІэр зэтекъуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынар и пщэ дольщ КЪР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпымкІ жэуап екъ КЪР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ягъэщІ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елъэхьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Соня, редактору Жылаго Маритэ, корректорхэу Тхьатыкі Юрэ *(1,2-нэ нап.),* Банэ ФатІимэ *(3,4-нэ нап.),* корректорхэм я ІэдакъэкІэ Пуан Заирэ. *КомпьютеркІэ газетым и теклъэр ящІащ* Дол Маринэ, ГъукІэлІ Рае, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтыщІ* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым схьэт 22-м Іэ тралзащ

Индексыр 51531 Тираж 10.125 Заказ №3283